


MWARI VASIRI KUNZWISISWA

 Ishe vakuropafadzei. Ndinamatireiwo, manheru ano. Tangova nekunaya kushoma, kwakakwana zvekuti kutonhorere, uko kwatinotenda nokuda kwako; uye ndinovimba kuti tichava nekumwe kunaya kwepamweya mukati kuti kuite sekutibatsira zvishoma.

² Ndinotenda, Hama Neville, kana tikatendeudza icho kwamuri. Munoti kudini nazvo? Ini ndichitaura, ndinowana shoma...ndikawana mhopo iyoyo pandiri zvino ini...iyi mhanza yangu inorega iyoyo ichidzika uye ichizonomira pahuro yangu.

³ Zvino, ndapa mimwe...kuitira mimwe mibvunzo manheru ano, uye nemhinduro kungoitira sokuti...Chikonzero chatinoitira izvi ndechekuita sekutsvaga zviri pamoyo yevanhu.

⁴ Ndinofunga kuti zvakanaka kwazvo kuti mufundisi a—ape izvi, uye obva aona izvo chaizvo zviri kufungwa nevanhu kana vachizonyora mibvunzo yavo, vaine chimwe chinhu. Uye ndinofunga kuti mumwe nomumwe wedu akasungirwa kubuditsa pfungwa dzedu kuvafundisi vedu ne—nevatungamiri vedu vepamweya, nevamwe vakadaro, uye chero chipi chatinoona, kuitira kuti tigone kuti zvinhu zvose zvifambe zvakatsetseka uye zvakanaka, uye nokuda kweHumambo hwaMwari.

⁵ Uye zvakare ini...kusvika ingaite hafu yeawa yapfuura ndangove neingava miviri kana mitatu yandai...Billy anga aitora mushure meshumiro mangwanani ano ndokuiunza kwandiri. Uye zvakare ndapinda ndikanzvera rimwe Gwaro, randafunga kuti ndaizotaura nezvaro zvishoma manheru ano, nekuti ndanga ndazvitauro, zvekuzova kumusoro kuno. Uye zvakare andifonera maminitsi mashoma apfuura, akati, “Chimbomirai, ndawana chitsama zvino.”

⁶ Saka ndichaedza kupinda chaimo mune iyi uye ndoipindura nekuzivisisa kwangu. Uyezve kana ndikapedza nguva ichiripo, ndine chidzidzo chandinoda ku—kutura nezvacho kwemaminitsi angangoita makumi maviri kana makumi matatu, chingori chidzidzo chipfupi.

⁷ Uye zvakare, rangarirai, kana Ishe vachitendera, mangwanani eSvondo inotevera ndinoda kuita nepandinogonesesa napo, nenyasha dzaMwari, kutsanangura *Mavhiki Makumi Manomwe ADhanieri*. Sezvandatauro mangwanani ano, iGwaro guru. Uye harisi rekutaura zvakananyanya nezvaro, asi kuriisa panzvimbo yaro, kuriita kuti rienderane neBhaibheri rose.

⁸ Uye takatanga kubva kuna Zvakazarurwa 1, ndokusvika muchitsauko 6. Uye, ndizvo, tinopinda zvino muZvisimbiso zvinomwe zvekupedzisira. Uye Zvisimbiso izvozvo zvichaenda zvichibva pana 6, chikamu chekupedzisira chechitsauko 6, kusvika kuchitsauko 19, nezvose zviri pakati. Saka zvinozotora nguva yakareba. Zvino, ndaigona kutora, tingati, husiku hunomwe, ndomhanya neZvisimbiso Zvinomwe, ndichizvizarura. Asi kana ukazviita nenzira iyoyo, zvino vanhu vachapotsa chikamu chikuru kumashure *kuno* chinozadza pakati peizvi. Uye kana vasina kunyatsodzidziswa, zvinogona kusava zvakanaka. Asi zvitatu kana zvina zvekutanga zvazvo zvinongori zviitiko zvatinogona kutora zvakanaka, zvichingouya vakatevedzana; asi zvinotevera zvacho, zvino unofanira kudzokera muna Dhanieri vakare, wodzoka uko muna Genesi, wodzokera uko muna Zvakazarurwa, wodzoka zasi munaEvhangeri, uye wongozvibanidza imomo, nokuti ndiwo muhwezwwa weIsraeri, Mwari vachishanda neIsraeri. Nokuti kana Chechi yakwira kumusoro, ndipo pekupedzisira peChechi kusvikira Yauya pamwe naIshe waYo seMwenga neChikomba muchitsauko 19; panguva iyi kunenge kuri kushanda neIsraeri. Uye kuti kuunza *Mavhiki Makumi Manomwe ADhanieri* zvino, zvinogadzira mufananidzo kuitira kuvhurwa kuri kuuya uku, Chisimbiso Chekutanga.

⁹ Zvino ndakafunga, Ishe vachitendera, ini...Svondo inouya ndichazotaura nezvazvo. Kana ndikasapedza Svondo mangwanani, zvino ndichazviedza manheru eSvondo vakare. Zvino zvingazovhura nzira ipapo, kana Ishe vakatitungamira, hataizofanira kunge tichizomira pachikamu ichocho, tinozobva tapinda takananga chaimo muZvisimbiso Zvinomwe tongoramba tichizvitora chero bedzi tichiona Ishe vachitungamira.

¹⁰ Zvino, manheru ano tine mimwe mibvunzo, uye yese mibvunzo ine musoro, inonzwisika. Panga pane mumwe pano wandinoda kutanga ndataura nezvawo, kwechinguvana. Ange ari mumwe munhu abvunza...Hausi mubvunzo, ndemumwe munhu agondibvunza.

Makii ngu aripi? Ndapota ndiudzeiwo.

¹¹ Ivo—ivo vanga varasikirwa nawo masikati ano. Zvino, ndinokuudzai, mavhiki mashoma apfuura, angangoita mazuva mashoma apfuura ndakanga ndiri pano patabhenakeri... Ndaisipinda mumunamato ndomirira panaShe ndoona kwaive nezvinhu izvozvo ndichiitira vanhu. Ndakawana mota dzevanhu. Ishe vaitaura neni apo vanhu vaizo-...

¹² Hama Welch Evans vakauya pano ndokurasikirwa nemotokari yavo, mumwe munhu akaiba muLouisville. Ivo naHama Fred Sothmann nedzimwe hama...Hama Tom Simpson, ndinotenda, vaivapo zuva iroro. Kana kuti ndimi here,

Hama Tom? Zvino vakauya kumba, uye hapo paive naHama Evans vasina motokari, vasina hembe, zvese zvavaiva nazvo zvaive mumota iyoyo. Zvino vakanomira paMiller mumwe munhu ndokuitora.

¹³ Saka, tine boka rembavha kana chikwata muLouisville, kwavanobvisa mota idzi vodziendesa zasi kuBowling Green kana kumwe kunhu kwakadaro uye vonodzipendazve patsva. Uye muKentucky haudi kunge uine gwaro, saizvozvo, remota yako, uye vanogona kushandura mota idzodzo mumaminitsi mashoma vodzitengesa nechero nenzira yavanoda.

¹⁴ Saka, Hama Evans nemota yavo diki uye nezvose zvavaiva nazvo zviru mairi, zvino Ishe vakandipa mhinduro yayo. Uye vasati vatombosvika kumba, motokari yaive yakagara kunze kuno netangi repeturu rave kuda kusvika pahafu, kwaVakavadzosa munzira inoenda kuBowling Green, ndokuvadza ndokupaka motokari kuseri uko chaiko kunze uko iine zvose zvaive mairi, pasina kana chinhu chakashota, kunze kwepeturu yavakanga vashandisa.

¹⁵ Nguva zhinji vanhu vakataura kuti *zvimwe* zvinhu, uye vaikumbira, zvino ndaizoenda pamberi paShe ndomirira zviratidzo izvozvo, zvino, ndichimirira kusvikira zvauya. Asi ndinoona kuti izvozvo zvakaunza chigumbuso chikuru pamberi pevanhu. Chaizvoizvo, vanhu vemuAmerica havana kugadzirira shumiro yakadai, machechi. Ndizvozvo chaizvo. Zva—zvapfuurira nguva yavo. Maona? Uye zvinokonzera zvinhu zvese, vamwe vanokudana kuti “dhiyabhore,” vamwe vanokudaidza kuti “muuki,” vamwe vanokudaidza kuti “mwanakomana waMwari,” “mwari,” nezvimwe zvose. Maona? Saka ndakangovimbisa Ishe kuti ndaizozvisiya zvakadaro uye ndongomira ndozoshandisa shumiro iyoyo muAfrica kana pahurukuro nedungamunhu pandinenge ndinadzo pano.

¹⁶ Zvino, tauyira pano hurukuro nedungamunhu, izvozvo zvichiri kuenderera mberi pazvinhu zvakadaro. Asi... Uye nzira yekuzviwana hakusi kuuya kuchechi, unoenda kune munyori wedu, mwanakomana wangu, Billy Paul, uye achakupa kadiki... tikiiti rinokudza chaipo paichazove nezvimwe zvakadaro. Uye nechero chinhu chakadaro, chiri pahurukuro nedungamunhu, pano kana mumunda wekuvhangera, zvinogona chete kuuya nenzira iyoyo. Pane bho—bhodhi rayo pazviri, kana bhuku, kana chinyorwa pabhodhi rezviziviso apo, kuti izvi zvinoitwa sei. Asi kungouya kuno papuratifomu... .

¹⁷ Zvino, tine zvipo muchechi. Tina Hama Neville pano avo vakagamuchira chipo chekuproforita. Hama Higginbotham vagere pano, vane chipo chekutaure nendimi nekududzira ndimi. Ndingakurairai... Ndichanamata kuti Mwari vakupei makii enyu, asi ndi—ndinoraira pamwe kuti kana Mwera Mutsvene ukataura manheru ano, pamwe, kubudikidza naHama

Neville kana Hama Higginbotham, kana zvimwe zvezvipo izvi zviri muChechi, zvatine mimwe mibvunzo pamusoro pazvo mumaminitsi mashoma, kuti pamwe vanogona kuzviita.

¹⁸ Asi, ini pachangu, ndakaita vimbiso kuna Mwari, kusazviita zvachose muAmerica mumisangano yeruzhinji, munoono, nekuti zvakangondikonzera kuti ndibve mumunda wekuvhangerana. Uye zvakare vamwe vanozokudzingira kunze chaiko sokunge uri—uri “dhiyahore,” vamwe vacho vanoita “mwari.” Uye saka munoono, uye havasati vatongozvigadzirira. Uye saka Mwari havagone kushanda izvozvo, uye ndine chokwadi kuti munhu azvibvunza achazvinzwisisa. Zvino, pamwe Mweya Mutsvene nazvino manheru ano...Chingovei muchinamata. Ndichanamata kuti Mweya Mutsvene ukuratidzei chaipo pane pasuru yenyu yamakamirira. Ndinonamata kuti mugoiwana, uye ndinotenda kuti muchaiwana. Maona?

¹⁹ Uye...asi zvino...Uyezve, zvino, Billy Paul, kana mumwe munhu aine chinhu chakadaro, kana vaizomufonera, aizovaendesa kucheche, ndinoedza kutora zvinhanho zvine dambudziko rinoda kubetserwa zvechimbichimbi kana ndiri kumba.

²⁰ Zvino, regai, tisati tasvika pamibvunzo iyi...Chekutanga, ndinoda kutaura kuti chero mhinduro insingaenderane nekutenda kwako kana...muBhaibheri, isiri maererano neShoko, ipapo hausungirwe kuigamuchira. Uye kuti ndigone kudzika uye pamwe ndisvike kune chidzidzo manheru ano, ndiri kuda kufamba nayo ndoipindura uye iyo yandinofunga kuti—kuti ine mhinduro yeRugwaro, saka, ndichaipindura, zvese zvandinogona. Asi ndangoiwana maminitisi mashoma apfuura, yese kunze kwemitatu, uye hapana pane mitatu yeiyoyo yanga ine chero...Zvingori zvinhu zvidiki pamusoro pemumwe munhu akarota hope kana chimwewo chinhu, achida kuziva kuti ozvitaure here, kana zvimwewo zvakadaro, munoono.

Saka ngatikotamisei misoro yedu zvino tichiswedera kutsitsi dzaVo.

²¹ Ishe, tiri vanhu veNyu vanodaidzwa neZita reNyu. Uye tinofara zvikuru manheru ano kuziva kuti tina Baba voKudenga vanotirinda uye vane hanyin’ a nesu, uye vanotida sevana vaVo pachaVo vanodikanwa. Uye saka ndinofara, Ishe, kuti ndakaverengerwa pamwe chete nevanhu ava, kuti ndive hama yavo, uye ivo ihama nehanzvadzi dzangu. Ndinotenda zvikuru.

²² Pane mumwe chete, Ishe, arasa makii. Imi munoziva chaipo paari. Ndinonamata kuti Muzvizarure uye mugovaunza chaipo pane makii iwayo. Chinhu chakakosha kwavari, ndepamotokari yavo. Uye ndinonamata, Baba, kuti Mugopa chikumbiro ichi kuvanhu ivavo.

²³ Zvino ndinonamata kuti Mugoropafadza mufundisi wedu, iyo Hama yedu Neville vanodikanwa. Tinofara zvikuru

kuKuonai muchishanda pakati pedu muzvipo izvi zvikuru zvemweya zviri muchechi medu, chikamu chemutumbi waKristu chiri kunamata chiri pakona ino yaEighth naPenn. Tinofara zvikuru kuverengwa pamwe chete neboka iroro revanhu, uye nokuziva kuti Mwari vanozarura zvakananzika kuvanhu vaVo. Ndinonamata kuti Mugaropafadza Hama Neville, mufundisi wedu, naHama Higginbotham, Hama Funk, Hama Junior Jackson, nehanzvadzi dzedu, vari kutaura nendimi uye vachipa dudziro. Tinonamata, Baba, kuti Murambe muchiZviratidza kubudikidza nemuzvipo zvikuru izvi, kuti chechi yedu igozivikanwa sechechi yemweya, uko kwekuti vanhu vakaneta vanogona kuuya uye vogara muHupo hwaMwari Samasimba uye voziva kuti Vanotaura nekuzarura zvakananzika zvemoyo.

²⁴ Uye, Baba, ndinonamata kuti Mutiropafadze manheru ano mukupindura mibvunzo iyi. Mimwe yacho, Ishe, yakareruka, uye mimwe yacho yakasimba. Kune mumwe nemumwe abvunza mubvunzo, mubvunzo wakasimba. Ndechimwe chinhu chiri pamwoyo wavo, vanochida kuti chigadziriswe. Uye, Baba, tose hatina kukwana pamabasa aya, asi tinoziva kuti iMi makakwana nokupfuurira. Saka tinonamata kuti Mududzire mibvunzo iyi kwatiri, kuti tigopa vanhu mhinduro yakakodzera, kuti vagova vanobatsirwa uye nechechi ikudziridzwe, Zita raMwari rive rinokudzwa.

²⁵ Zvino, Baba, kana kuri kuda kweNyu, ndinonamata kuti Mushande nesu vhiki rino uye mundibatsire pandinenge ndichinzvera nezve *Mavhiki Makumi Manomwe ADhanieri*, kuti ndigokwanisa mangwanani eSvondo inouya, kana kuri kuda kweNyu, kuzarura Rugwaro kuvanhu ivavo. Mwari, zviitei, kuti mweya yavo igovandudzwa. Dzidzisa avo, Ishe, vari kutsvaga zvinhu zvakananzika. Ponesai avo vakarasika. Ponesai avo vanorwara. Tese takamirira paMuri, Baba. MuZita raJesu. Amen.

²⁶ Zvino, mubvunzo uyu wekutanga hausi mubvunzo chaizvoizvo, chingori chinhu chidiki cheku. . . Nhai, ndakamira pedyo-pedyo neiyi here? Ko iyo inozhezhera here, iri shure uko kumashure? Kana ichidaro, simudza ruoko rwako.

132. Hama Bill, ndapota taurai chimwe chinhu pamusoro pevose vana nevakuru vari kuita ruzha kwazvo mangwan-... vachifamba-famba panguva yeshumiro. Tabhenakeri ino inoda zvidzidzo zvekuremekedza.

²⁷ Amen! Vana, hamuzivi here kuteerera pachezvenyu muri muimba yaMwari? Hamuzivi here kuti ino inzvimbo tsvene yaMwari? Mwari vari mutemberi yaVo tsvene, munhu wose ngaanyarare. Inzvimbo yaMwari apo vanhu vari kuuya, vachifungisisa, vachiedza kuwana ruponeso kumweya; vachiedza kutsvaga matambudziko ehupenyu hwevanhu, vachiedza kubatsira mumwe munhu. Zvidiki-diki

zvaungaite kuremekedza, uve wakanyarara. Zviwanire mvura yekunwa chechi isati yatanga, ndinoziva kuti vana vadiki vanofanira kuva nezvokunwa. Vanaamai vane vana vadiki ivavo, kana mukagarira nechekumashure, movaita kuti vagare vakanyarara sezvamungagona. Uye hapafanire kumbova kana nekakuzevezera, kana kuzevezera kumwe. Tese tine mhosva. Asi kana Bhaibheri iroro raverengwa uye mushumiri iyeye apinda papurupiti, tinofanira kunyarara, takamirira panaShe. Zvino, ndapota edzai kuita izvozvo.

²⁸ Ndinoziva, imi vana vadiki, munoda kunge muchishiringinya zvishoma. Kuti, kana mukadaro, itai kuti zvingove—zvingove zvakanaka chaizvo. Uye, rangarira, amai havadi kuti multe izvozvo, uye baba havadi kuti multe izvozvo. Uye saka . . .

²⁹ Uye ndinoziva, ndine vana vadikiwo, zvakare, vanoshiringinya-shiringinya, naJoseph. Uye Meda anoti, “Hapana chandinowana kubva mushumiro, ndichiedza kuita kuti Joe anyarare.” Saka, amai vari kuedza kuita izvozvo kuti mumwe munhu agone kuwana chimwe chinhu kubva mushumiro. Maona?

³⁰ Uye tinogara tichida kuremekedzana, kukudzana. Uye, pamusoro pezvinhu zvose, remekedzai Mwari uye remekedzai imba yaVo.

Zvino, mubvunzo uyu unotevera ndowekuti:

133. Vana vaviri, vane makore matanhatu kusvika masere, vanga vari pano paartari mangwanani ano. Zvinokurudzirwa nokukasika zvakadini kuti vabhabhatidzwe?

³¹ Ipapo nokukurumidza kwamunokwanisa. “Tendeuka pakarepo uye ubhabhatidzwe,” naimo, muZita raJesu Kristu. Zvino, ndiwo mubvunzo nhamba potsi. Ndingaraira ndichidaro. Asi tinoona muMagwaro . . .

³² Unoti, “Zvinobva muMagwaro here?”

³³ Petro paakaparidza neZuva rePentekosti, mweya zviuru zvitatu zvakaponeswa uye zvikabhabhatidzwa panguva imwe cheteyo. “Kuna vose vakatenda kunaShe vakabhabhatidzwa.” Saka paunongotenda kunaShe uye woMugamuchira seMuponesi wako, wochitoenda wakananga kumvura woreurura zvichitangira ipapo chaipo; mudiki kana mukuru, zvisinei nokuti ndiani.

³⁴ Unoti, “Saka, vana ava vanogona kunge vachiri vadiki kwazvo.”

³⁵ Jesu akati, “Regai vana vaduku vauye kwaNdiri, musavadzivisa, nekuti Hushe hwaMwari ndehwe vakadai.” Handimbofe ndakadzivisa mwana anoda kuuya kuartari kana kuzobhabhatidzwa, pane chero zera ripi zvaro, handina basa kuti ndeve zera ripi.

Zvino mubvunzo nhamba piri.

134. Shamwari yedu mushumiri inobhabhatidza muzita ra “Baba, nereMwanakomana, uye nereMweya Mutsvene.” Tingawanikwa tiine mhaka yokusamuudza kukanganisa kwake here?

³⁶ Ndinotenda, seMukristu, sebasa rako, uye kana ari shamwari yako yepedyo. . . Kwete kukakavara naye; kana ukaita izvozvo, ipapo hauna kururama, mweya wako—wako hauna kunaka. Asi kana uchida hama iyoyo, izvo zvaunofanira kuita, nokuti wati, “Shamwari mushumiri.” Zvino. . . Hapana mazita akasainwa kune chero chezvinyorwa izvi, handizive kuti zvinobva kuna ani, mibvunzo iyi.

³⁷ Zvino, ndingakuraira, chero angava ani, kana shamwari iyi mushumiri ichibhabhatidza sezvizvi, uye woshanyira kumba kwake nezvimwe zvakadaro, ndaizongo—ndaizongotaura mubvunzo wacho imwe nguva. Uye izvozvo zvinogona kukupa. . . Ingotaurai zvinozokusvitsai pauri, mongoramba muchitaura muchitenderera pauri, muchitenderera pauri; uye worega Ishe kuti vauzarure, uye zvadaro ndiShe vari kukuudza kuti uzviite. Maona? Ingomirirai kusvikira Ishe vazarura mubvunzo wacho. Ipapo wobva wati kwaari, unoti, “Hama, handingozivi kuti, muMagwaro aMateu 28:19 naMabasa 2:38, uye uchienderera mberi, pane kumwe kupesana ipapo here? Munogona here kutsanangura kuti sei iro rakati pano, ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,’ uye rimwe racho rakati, ‘Zita raJesu Kristu?’”

³⁸ Zvino—zvino, usaedza. . . Kana usiri mudzidzi chaiye, uye usingazive zvauri kutaura nezvazvo, zviru nani kuzvisiya zvakadaro. Maona? Ingomuudzai, iti, “Saka, ndinoshuva kuti uuye. . .” Kana achiita seakaperera, iti, “Ko hazviiti kuti ungasangana nemufundisi wedu here kana mumwe munhu mukurukura nezvazvo?”

³⁹ Ndinokuudzai, chinhu chakadzama. Maona? Usazviite iwe pachako, nekuti unogona kuzozvivhiringidza pachako. Uye kana iwe. . . Zvino, kana uchiziva zvauri kutaura pamusoro pazvo, uye wakanyatsodzikama uye uchiziva Magwaro, zvakanaka. Asi usamugumbura, pane chero chaunoita, usamugumbura. Maona? Usauze chigumbuso, ingomuudzai kuti. . .

⁴⁰ Uye, chokwadi, ari mukukanganisa. Ichokwadi. Murume wacho ari mukukanganisa paanobhabhatidza saizvozvo. Chero munhu upi anobhabhatidza muzita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene” ari kukanganisa maererano neMagwaro. Ndizvozvo.

Mubvunzo nhamba tatu.

135. Muchirevo chekutenda, vakati, “Tinotenda muna Mwari mumwe chete, weKusingaperi, anorarama ari muvanhu vatatu: Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Mateu

28:19, 18 ne 19; Vekutanga...VaKorinde 13:14.” Aya haafanire kunge ari mahofisi matatu here pachinzvimbo chevanhu vatatu?

⁴¹ Zvamataura ndizvozvo! Hakuna vanhu *vatatu* muHumwari. Uye hapangave nehunhu pasina kuve nemunhu, zvinototora munhu kuita hunhu. Hakuna vanaMwari vatatu. Kuna Mwari mumwe chete, uye Mwari ivavo ndiJesu Kristu. Mwari ndivo Mweya waigara muna Jesu Kristu, uye uri kugara muChechi yaVo (iwe neni) nhasi, vachiZvipatsanurira kwatiri vari muchimiro cheMweya Mutsvene, vanova Mwari Samasimba, pachaVo, vachigara mauri.

⁴² Zvino, zvamataura ndizvozvo, ndi “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” mahofisi matatu aMwari mumwe chete. Asi, kwete vanaMwari vatatu, izvozvo handizvo maererano neMagwaro.

136. Mukristu angaenda Kudenga here kana asingabvise chegumi?

⁴³ Zvino, ndiwo mumwe wandisingakwanise kupindura, maererano neMagwaro.

⁴⁴ Zvino, uyu “Baba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene,” kana mushumiri wacho akaperera, chingoita—ita kuti tizive, munoono, tingafara... Hama Neville neni, kana Hama Beeler, kana Hama Collins, kana chero mumwe wevashumiri ava vakagadzwa mushumiro ino, nevamwe vakadaro, vanogona—vanogona kudaro.

Zvino, asi zvino: Mukristu anotadza kuenda Kudenga here nekuti haabhadhari chegumi?

⁴⁵ Ini—ini handingati “hongu” kana “kwete” kwazviri. Asi ndinotenda kuti Mukristu wese anosungirwa kubhadhara chegumi nekuti murairo waShe. “Uye vakaropafadzwa... avo vanoita mirairo yaKe yose, kuti vave nekodzero yekupinda muHupenyu, Muti weHupenyu.” Zvino, ndinotenda kuti kubhadhara chegumi kwakakosha pachiiitiko cheMukristu. Nokuti ndichasvika kune izvozvo mune mumwe mubvunzo munguva shoma-shoma, ndinoziva kuti pane mumwezve uri pano une chekuita nazvo.

137. Hama Branham, ndakaponeswa uye ndakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, asi ndoita sei kuti ndisiyane nemweya wokusindimara wandinoita sekunge ndisiri kukwanisa kubva pauri?

⁴⁶ Saka, hama kana hanzvadzi yangu Mukristu, chero angava ani, zvino, nguva zhinji kana ukawana vanhu vane mweya wokusindimara, kazhinji kacho kuzvitarisira pasi kunokonzeresa izvi, zvimwe vakazvigamuchidzwa zvichibva kuna amai, baba, sekuru, tete, kana mbuya, sekuru, mumwe munhu akadaro. Uye kana ukaronda kumashure nemuhupenyu

hwako, uchawana. . . Zvino, ndatora izvi nezvandava kuziva, pasi pekunzvera, nekuti ndakasangana nenyyaya dzacho papuratifomu, zviuru zveavo vaiva nemweya iwoyo. Uye chinhu chekutanga munoziva, ndaironda mweya iwoyo nekunzvera ndoona kuti kwaiva nasekuru, kwaiva naambuya, kwaiva nomumwewo munhu kumashure zvichidzika ikoko, uye unotozvigamuchidzwa nokuda kwemazvarirwo.

⁴⁷ Kusindimara, zvokusindimara hazvisi zvaMwari. Uye zvino nzira yega yokubva kwakuri ndekwekuti unofanira kuva nokutenda kwekukunda izvozvo, kuti, uri Mukristu. Uri mwanakomana kana mwanasikana waMwari, chero zvaungave, uye hauzombokwanisi kungomira woutsiura nekuutsiura nekuutsiura. Zvakangofanana nekusvokosva chiva, chakarara ipapo chakatogadzirira kukuruma. Kana ukangoifuratira uye wofamba uchibva pachiri, hachikwanise kukukuvadza. Waona?

⁴⁸ Saka kana iwe uchinzwwa kuti une mweya wekusindimara, isa chinhu chacho paartari, uye wotenda Mwari kuti chinhu chacho chafa uye hauzombofo wakava nacho zvakare, woenderera mberi uye usatombotarisi pazviri zvachose, zvino chinhu chacho chichakusiya. *Dzivisai* dhiyabhore uye achakutizai, ndiko kuti, “kubva nokukurumidza.” Saka ndiyo, ingave rairo yangu yekuti ukunde. Tinokunda dhiyabhore nokutenda. Ndizvo zvatinokunda nazvo zvakaipa zvose, naiko kutenda.

138. Sei muchibhabhatidza nemuZita raJesu Kristu pachinzvimbo chezita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene”?

⁴⁹ Zvakanaka, hakuna chinhu chakadaro sezita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Ndicho chikonzero. Hapana kumbova nemunhu muBhaibheri akambobhabhatidzwa muZita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Munhu wese ari muBhaibheri, kana kuti makore mazana matatu kudivi rino reBhaibheri, akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Hapana muapostora mumwe chete, kana Mukristu mumwe chete, hapana nguva imwe zvayo “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene” payakamboshandiswa pakubhabhatidza kusvikira chechi yeKatorike yaitwa sangano paKanzuru yeNicaea, makore mazana matatu nematanhatu mushure merufu rwemuapostora wekupedzisira.

⁵⁰ Hakuna chinhu chakadaro sezita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Baba harisi zita, Mwanakomana harisi zita, Mweya Mutsvene harisi zita. Madunhurirwa matatu, madunhurirwa matatu emahofisi eZita: Jesu Kristu. Saka naizvozvo hakuna chinhu chakadaro sekuti zita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Uye hazvisi. . . Hapana zita pazviri, saka ndinobhabhatidza nemuZita raJesu Kristu rinova Zita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Zvajeka?

139. Vamwe vanhu vanotaura kuti “Kristu akanga ari muHadhesi asati amuka.” Ndizvo here...Pane Rugwaro rweizvi here?

⁵¹ Zvino, heuno mubvunzo weMagwaro wandinoda kukupindurai kubva muMagwaro, nekuti vabvunza, “Zviri muMagwaro here?”

⁵² Ndingada kuti muvhure pamwe neni kuna Petro Wokutanga 3:18 na 20, imi munoda kuZvinzwa, kana muri mabvunza mubvunzo kana kuti kwete, kuitira kuti murege kutora shoko romumwe munhu. Munogona kuZviverenga moona kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Tinogara tichida kugara neChokwadi, uye nepazvinotaurwa neBhaibheri. Zvino munhu uyu anodikanwa, chero angave ari ani, abvunza achida kuziva kuitira apo pazvinotaurwa muBhaibheri kana zviri izvo kana kuti kwete.

⁵³ Zvino, tinozviiwana izvi mu... Kana ndapawana. Bhaibheri iri rekare rava kuda kutobvaruka, pano, zvokuti ini—ini ndave naro zvino kwemakore akawanda. Kana ndikakwanisa kuona kana ndinapo muno umu, ndinofunga pamwe... Imbomirai zvishoma, hama, kana ndi—ndi—ndine chokwadi kuti ndipo... Regai tione, anouya mushure chaimo maTimotio, Tito, naVaHebheru. Hepanoi apa, hongu, ndapawana. Maita henyu. Petro Wokutanga 3, chitsauko 3 chaPetro Wokutanga. Chitsauko 3, uye ngatitangei ne—nendima yechi 18.

Nokuti Kristu akatambudzikawo kamwe chete nokuda kwezvivi, iye akarurama nokuda kwavasakarurama, kuti atiise kuna Mwari, akauraiwa hake panyama, asi akamutswa neMweya: (akamutswa neMweya)

Naiwoyo zvakare akaenda *akandoparidzira kumweya iri mutirongo;*

Yakanga isina kuteerera kare, panguva iya mwoyo murefu waMwari wakamirira pamazuva aNoa, pakugadzirwa kweareka, apo vashoma, vanova, vanhu vasere vakaponeswa nemvura.

⁵⁴ Zvino vhurai kuna Mabasa 2, Mabasa 2, uye tichatora ndi—ndima 30, tangirai muna Mabasa 2, zvino uyu ndiApostora Petro ari kutaurawo zvakare. Mabasa, chitsauko 2, uye ndi—ndima 30 yandanyora pasi apa.

Kupi... Naizvozvo zvaakanga ari muporofita, uye achiziva kuti Mwari vakange vapika nemhiko kwaari, kuti nezvibereko zvechiwuno chake, maererano nepanyama, aizomutsa Kristu kuti agare pachigaro chake choushe;

Aona izvi kumashure akareva pamusoro pokumuka kwaKristu, kuti mweya wake hauna kusiiwa mugehena,

kunyange nyama yaKe haina kuona *kuora* (mutumbi waKristu).

⁵⁵ Mweya wake wakadzika kugehena ndokuparidzira kumweya, kana kuti mweya isina kutendeuka pamwoyo murefu mumazuva aNoa. Mweya wake wakaburukira mugehena uye Akaparidzira kumweya, ndokumuka nezuya retatu. Ndicho Chokwadi, chiri muMagwaro.

140. Zvino, ko vashanu vemhandara vakarasika here?

⁵⁶ Ndinofungidzira kuti vari kubvunza zvemubvunzo, “mhandara shanu,” vashanu vakachenjera nevashanu dzakapusa. Zvino, dai maiva nesu mudzidziso dzekupedzisira muna Zvakazarurwa, munoona kuti mhandara idzodzo, mha—mhandara shanu dzakapusa hadzina kurasika; asi hadzina kutenderwa kupinda muMabiko eMuchato, asi vakatambudzika uye vakaurayirwa chitendero, uye vakamutswa zvakare parumuko rweruzhinji nezuya rokupedzisira. Ivavo ndivo vanhu paAkapatasanura makwai kubva kumbudzi, munoona, vakamira pamberi peKutongwa.

⁵⁷ Unoti, “Saka, Hama Branham, hatimire here, Chechi?” Kwete, changamire! Hatimire pamberi peKutongwa.

⁵⁸ Iye zvino takamira pamberi pokutongwa, Mwari vakaisa zvitadzo zvedu pana Kristu, uye isu... “Uyo anonzwa Shoko raNgu” Mutsvene Johane 5:24 “nekutenda kuna iYe wakaNdituma ane Hupenyu Husingaperi, uye haazopindi muKutongwa asi abva murufu achienda kuHupenyu.” Hapasisina kutongwa kweChechi. Inotorwa muKubvutwa, uye yodzoka kuzotonga vanhu vasina kugamuchira Mweya Mutsvene. Ko Pauro haatauri here kuti anodenha chero ani wedu kuendesha nya—nyaya kudare redzimhosva, kumutongi wedzimhosva asina nduramo, apo, “hamuzivi here kuti Vatsvene vachatonga nyika?” Tichagara naKristu tichitonga madzimambo nevapisita, uye totonga vanhu ava vatakaparidzira uye ndokuvaudza nezverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene uye vakaramba kuUgamuchira. Fungai nezvazo!

⁵⁹ Kwete, havana kurasika, asi havazombovi muMwenga. Vanouya murumuko rwechipiri, asi havambovi muMwenga, uye vagotongwa maererano nemabatiro avakaita Chiedza chavakagamuchira. Zvino, chikamu ichocho chichava kuna Kristu. Havana kurasika, zvisinei hazvo.

141. Hama Branham, muna VaKorinde Vokutanga, VaKorinde, chitsauko 14, ndima 34 ne 35, inoti, “Madzimai enyu ngaanyarare mumachechi nekuti havatenderwi kutaura.” 35, “Nokuti zvinonyadzisa kuti vakadzi vataure mukereke.” Zvino, kana mudzimai ane bvudzi pfupi akataura—akataura nendimi mu—mumachechi, muchechi,

iwoyo Mweya here we—weMweya Mutsvene unotaura kuburikidza naye kana kuti mweya wenhema?

⁶⁰ Zvino, uri... Uye uyu mubvunzo wakaoma chaizvo, uye ndinongogona bedzi kuupindura nepandinozivisisa napo, munoono. Zvino, handingakwanise kutonga, nokuti handina kutumwa kuzotonga. Asi ndinofunga kuti pane nguva zhinji kwazvo... Ndine mumwe mubvunzo zasi kuno pane imwe nzvimbo unoenderana naiwoyo. Asi kana munhu achitaura nendimi, akazodzwa naMwari. Maona? Vanogona kunge vari kunze kwehurongwa, chingave chokwadi, uye vanogona kunge vachiita chimwe chinhu chisina kunaka, asi handingade kutaurea kuti wakange usiri Mweya Mutsvene, nekuti handingazive. Maona?

⁶¹ Uye zvino pane nguva zhinji apo izvi...kuti vanhu vanofungirana zvisizvo. Uye chinhu chakaipa kuchiita. Unoti, “Nhai, ane bvudzi pfupi, akapfeka marokwe ake akanyanya kuva mapfupi, uyo—uyo—uyo hauzi Mweya Mutsvene uri paari.” Usadaro! Usadaro, hazvina kunaka. Hauzive zviri mumoyo memukadzi iyeye. Hapana zvaunoziva nezvazvo. Unoziva kuti Mweya Mutsvene unomuita kuti azvibate zviri nani, zvino, chinogona kuva chiri chokwadi. Asi ndichakuudza, sewe neni, rega Mwari vape mutongo weizvozvo, uye rega iwe neni tingonamatira munhu iyeye kuti Mwari vavaratidze Chiedza.

⁶² Pano imwe nguva yapfuura mumwe murume akasangana neni kunze uku, padivi. Uye ndaiva nemuridzi wepiyano pano aiva nekasiketi kadiki, kapfupi, kadiki, uye kasina kunyatsoita, ndinodaira, zvakangonakawo. Uye mudzimai wacho aiva nebvudzi pfupi, uye achingori mucheche muNzira iyi, zvino akanga achiridza piyano. Zvino mumwe murume akasangana neni kunze uko uye achingondibvambura kuita zvimedu, akati, “Zvino uri muparidzi wepentekosti, uye worega mudzimai uyo kuti agare kumusoro uko! Bvudzi pfupi rakadaro!” Uye achingoenderera mberi nekutaurea zvese-zvese.

⁶³ “Saka,” ndakati, “ndinofunga kuti mudzimai wacho ane mweya wakanaka maari. Zvirokwazvo handibvumirani nazvo, munoziva, chikamu chacho chesiketi chiri kumusoro kuno, zvidimbu zvacho zviviri.”

⁶⁴ Chimwe chazvo chiri zasi *kuno* uye imwe mhando iri kumusoro *kuno*, ishathi seyavanopfeka. Uye saka yakatetepa chaizvo uye inoratidza hanzu yemukati iyoyo yavainayo neche apa. Handifungi kuti izvozvo—izvozvo zvinofanira kuitwa. Ini—ini handizvifariri izvozvo, zvirokwazvo handidi. Ini—ini handikwanise... Ivo—ivo vanogona kunge vakazadzwa neMweya semumwe munhu wese, handizivi; Mwari vanozviziva izvozvo. Asi handingapi mhosva mudzimai iyeye uye ndoti ari kuenda kugehena, nekungoona.

65 Munhu mumwe chete uyu aive ane muchechi make mumwe mukadzi aiva nebvudzi refu uye achipfeka marokwe marefu, uye aine hasha dzakakwana dzekurwisana nesaha repamuchina, uye achingori nehutsinye kwazvo. Zvino, bvudzi refu uye masiketi marefu hazvikuendese Kudenga. Kwete, changamire! Mweya uri mauri ndiwo unokuendesa Kudenga. Asi kana iwe seMukristu. . .

66 Zvino unofanira kurangarira kuti kazhinji vafundisi havatauri zvinhu izvozvo uye vanhu vanozongoenderera mberi zvakadaro, vachifunga kuti zvakanaka. Asi mufundisi anofanira kurova chaizvo izvozvo. Uye—uye—uyezve hanzvadzi dzemuchechi, hanzvadzi idzodzo dzine hunhu hunogamuchirika, vanopfeka zvipfeko zvavo zvakatsvinda, vanofanira kuva mienzaniso yekutapira, ne—nehumai uye vachiita sehanzvadzi.

67 Uye ndinofunga kuti chero mudzimai upi zvake ane humai nehumwari nehanzvadzi anofanira kuenda kumunhu akadaro, uye nokutapira kweMweya, onogara pasi uye otaura nemudzimai iyeye. Uye kana mudzimai ari waMwari, Mweya Mutsvene unonzwisisa zvinhu izvozvo, zvino anozovigadzirisira pachake. Asi chaizvoizvo kana ukakurumidza kumupa mhosva nokumudzinga, unogona kukuvadza mwana mudiki iyeye, azvarwa. Maona? Saka ini—ini handaizopomera munhu wacho.

68 Zvino, munhu anotaura nendimi.

69 Zvino, ndi—ndinofanira kutaura chimwe chinhu pano chingangova chinoshamisa, uye kana usingabvumirani neni, zvakanaka. Munoono, tinofungira zvisizvo zvinhu izvi kakawanda kwazvo. Ngatigarei tichiedza kufunga zvakanakisa kune chero munhu upi ari kuyedza kuita izvo zvakanaka. Ngatitauerei zvakanakisisa zvedu kwavari. Oo, vari kuedza. Hatizivi mwoyo wavo, kunze kwekunge uchinzvera. Zvino kana vari kukanganisa, zvino kana uine. . . Bhaibheri rakati, “Kana hama ikapinda mukudarika, regai avo vari vemweya vaende kune hama iyoyo mumweya wehunoro, uchizvichenjererawo iwe pachako zvichida unozoyedzwa, uye woona kana usingakwanise kuyanana munhu iyeye, munoono, achidzoka kuna Mwari.” Usataure kuti havana mweya wakafanira, nokuti. . .

70 Teerera, zvino ndichataura chimwe chinhu chichakubayai chaizvo kwechinguvana, saka chingogara makanyarara kwechinguvana. Mweya Mutsvene unogona kutaura kuburikidza nemunyengeri. Chaizvoizvo! Ndakazviona zvichiitwa, uye ndinogona kukuratidzai neMagwaro kuti ichokwadi. Ndinogona kukuratidzai neMagwaro kuti masimba emadhimoni anatora mweya iyoyo achiishandisa, chokwadi, anatora zvipo izvozvo ozvishandisa. Ndakamira chaiko. . . ndikaona madhimoni achitaura nendimi uye nokudzidudzira. Uye ndakaona vanyengeri vachitora Mweya Mutsvene

wechokwadi votaura kubudikidza nawo. Ndicho chikonzero usingagone kutaura kuti kutaura nendimi ndihwo chete humbowo hweMweya Mutsvene.

⁷¹ Zvino, imwe nguva yakapfuura pandakatanga kupinzwa muPentekosti, ndakaenda kuMishawaka kutabhenakeri yaHama Rowe. Ikoko vaiva nekonivhenisheni, vaiva vanhu veJesus Name. Zvino, ndakanga ndisingabvimirani nevanhu veJesus Name. Ivo...kwete—kwete...Ivo ihama dzangu, asi chikonzero chandai... .

⁷² Vanobhabhatidzira *kuvandudzwa*, muZita raJesu Kristu; handizvitendi izvozvo. Handitendi kuti mvura inokuponesa kubva kuchivi. Ndinotenda kuti iRopa raJesu Kristu ndiro vandudzo. Asi vanhu veOneness vanobhabhatidza kuti uvandudzwe. VeName of Jesus, chete “Vanobhabhatidza muZita raJesu, uye ndiko kuti vakaponeswa, nokuti akati “Tendeukai, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu.”

⁷³ Asi chii chinouya pokutanga? Kutendeuka, kuzvidemba kune humwari nekuda kwezvivi zvako, wobva watendeuka. Zvino wobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, zvakanaka. Waita zvose izvi kuti uregererwe zvivi.

⁷⁴ Zvino, uye imomo, maiva nezviuru zvakati kuti zvevanhu. Mumazuva iwayo vaive nerusarura ganda kuMaodzanyemba kuno, kana kuChamhembe, uye vaifanira kuva nayo kumusoro kuno nokuti hama dzakawanda dzechitema dzaiuya kukonivhenisheni iyi. Yaiva P.A. of W. uye neP.A. of G... J.C. vasati vabatana. Zvino vakanga vari kuMishawaka, vatema nevachena, vose pamwe chete, vakanga vasingakwanisi kuva nayo kuMaodzanyemba panguva iyoyo. Saka, ndakaona varume vaviri vechichena vakagara pachigaro. Ndakanga ndisati ndambonzwa chero chinhu chipi zvacho chendimi idzi muhupenyu hwangu. Zvino ipapo varume ivavo vaisimuka uye mumwe aitaura nendimi mumwe opa dudziro, uye oudza vanhu mumusangano chaimo zvakanga zvisina kunaka pavari, otaurira vanhu zvavakanga vaita. Zvino uyu aitaura uye mumwe odudzira. Ndakafunga, “Ini zvangu, ndadzika pano pakati pengirozi.” Handisati ndambonzwa nezvechinhu chakadaro!

⁷⁵ Husiku hwose, ndiri mumunda wechibage, ndakanyengetera. Nokuti kubvira ndichiri mucheche, ndaitenda kuti zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka, ndakagara ndichikwanisa kuona zviratidzo. Zvino mangwanani akatevera vakandikumbira kuti nditaure, uye ndikadaro. Kunze kwaiva nevanhu vakawanda vakauya kwandiri uye vakandikoka kumisangano yavo, asi zvakadaro ndakanga ndiri weMissionary Baptisti. Saka nda—ndakangoenda mberi ndokuzvisiya zvakadaro. Mushure mechinguva ndakanga ndava neshungu

dzekuwana varume vaya ngirozi mbiri. Handina kumbonzwa chero...

⁷⁶ Vaibva vachena pamuromo, vosimuka votaura nendimi. Uye mumwe wacho onyatsosimuka zvino oti, “ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Jones neche kuno, akaita *chimwe* chinhu, marimwezuro. Pawakafamba-famba pamba wakanhonga bhuku remuhomwe riya rinova remurume uyu, murume uyu raakarasa neche kuno uku.’ ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Ridzose!’”

⁷⁷ “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi, hezvinoi izvi.”

⁷⁸ Munoono, chokwadi, kungotaura zvakadaro, achitaurira vanhu ipapo, ndikafunga, “Oo, ini zvangu, hazvina kunakisa here izvozvo!” Saka, ndakabva ndafunga, “Ava ndiMwari!”

⁷⁹ Saka, ndakabva ndaenda kune mumwe wevarume vaya, uye pandakanga ndichitaura naye, ndakanyengerera, “Mwari nditenderei kuti ndive nazvo, chero zvaZviri.” Ndakanga ndisingazivi kuti ndingaZviti chii, zviratidzo, ndakanga ndisingazivi kuti ndingaZviti chii. Zvino murume uya paakauya pamberi pangu, ini ndokakwezva meso ake, ndokungoramba ndichitaura naye kusvikira ndabata mweya wake, sezvakaita mukadzi paya... Jesu akadaro, mukadzi patsime. Ndakangoramba ndichitaura kusvikira ndabata mweya wake. Zvino akanga ari Mukristu, mutsvene wemazvirokwazvo, wechokwadi waMwari. Ndakafunga, “Zita raShe ngarirumbidzwe!”

⁸⁰ Ndakasangana—ndakasangana nemurume aitevera wacho aiuya achipota nepakona, inenge hafu yeawa yakatevera, uye ndikataura naye. Zvino kana ndakambotaura nemunyengeri, iyeye akanga ari mumwe wavo. Mudzimai wake akanga ane bvudzi dema, uye akanga achigara neaive nerakacheneruka uye aiva nevana vaviri naye; asi zvakadaro achitaura neMweya mumwe chetewo mumwe murume uyu waaitaura nawo, uye achipa dudziro imwe cheteyo, chaiyo-chaiyo. Ndakabva ndaziva.

⁸¹ Ndisati ndatendeuka, ndakava nechitiko pane imwe nguva chekuenda mumusasa wevaroyi pamwe nemaIndia. Ivo vatambi vemadhimoni. Vanotora nyoka vozvimonedza nayo, uye votamba mutambo wechibage, nokutaura nendimi nekudzidudzira, uye votaura chokwadi chaicho chakagara pakati pevanhu. Uye ndokuona muroyi achitora pe—penzura oiisa pasi, zvino ndoona penzura iyoyo ichisimuka uye ichinyora nendimi dzisingazivikanwi, odzidudzira nekuudza vanhu chaizvo zvakanga zvichiitika imomo. Mumusangano wevauki!

⁸² Saka ndakati, munoono, “Ndasvika pakati pemadhimoni,” uye ndakasiya nyaya yacho yose yakadaro.

⁸³ Saka rimwe zuva kumusoro kuGreen’s Mill, ndakanga ndiri kumusoro ikoko ndichinamata mubako rangu, kwete nokuda kwaizvozvo, zvino ndakabuda ndokuisa Bhaibheri rangu pasi.

Ini... Makanga muine munhuwi wehunoro imomo mubako uye ini ndaida chiedza chezuva, uye aive masikati, zvino ndakabuda ndikagadzika Bhaibheri rangu pasi. Ndakanga ndiri kuzoverenga kwekanguva, kunze padanda rakanga riri pakaita sepazasi pechikomo. Zvino ndakangoisa Bhaibheri pasi, ndokutanga kuverenga. Zvino mhopo yakavhuvhuta, ndokuRipeperetsa kuna VaHebheru chitsauko 6. Ndakafunga, “Pamwe Ishe vanoda kuti ndipaverenge.” Ndakapaverenga.

⁸⁴ “Isu vakambovhenekerwa, tikaitwa vagoverani veMweya Mutsvene, tichiona kuti tinotsauka...kuti tizvivandudzeve pakutendeuka. Mvura inonaya inounza...nyika inobereka zvikubereko uye mvura inonaya inotumirwa kuzoidiridza, uye neminzwa norukato zvava pedyo nokuraswa, kuguma kwazvo ndiko kupiswa.” Chimwe chinhu chakada kudaro.

⁸⁵ Saka, ndakachiverenga uye ndikafunga, “Saka, Ishe ngavarumbidzwe.” Ndakarivhura kune chimwezve, ndikafunga, “Saka, ndichangoverenga pane imwe nzvimbo neche imo muno pamwewo.” Ndakarigadzika pasi saizvozvo, ndikapukuta maziso angu, mhopo ndokuripeperetsa richidzoka kuna VaHebheru 6 zvakare. Saka, izvozvo zvakaaitika katatu kana kuti kana, kanosvika katatu, zvakadaro. Ndakafunga, “handisi kuona chakaipa naipapo. Chii chiri imomo?”

⁸⁶ Ingondiregai, unogona...Makapaverenga kakawanda, VaHebheru 6, “Minzwa nerukato. Mvura inogarouya panyika kuzoidiridza, kuigadzira, munoona, kuitira michero yayo. Asi minzwa nerukato izvo zvava pedyo nekuraswa, magumo azvo ndiko kupiswa, zvinozounganidzwa uye zvopiswa.”

⁸⁷ Hapana chandakagona kuwana kubva pazviri. Ndakafunga, “Saka, minzwa nerukato kuti zvichapiswa, Mwari vanoendesa Gorosi raVo mudura, zvobva zvapera. Saka handisi kuona chinhu pamusoro pazvo.”

⁸⁸ Ndakanga ndakagara ipapo, ndaive ndakatarisa kunze saizvozvo, zvino chiratidzo chakauya pamberi pangu. Zvino ndakaona nyika ichitenderera sezvizi, uye yakanga yakarimwa yakagadzirira kudyarwa. Zvino mumwe murume akapfeka hanzu chena, musoro wakakotamira pasi musaga rechikafu, kana kuti saga rembeu, waro, aifamba hake achienda. Uye handizive kana paine mumwe wenyu anorangarira maitiro ekukusha mbeu akare, ekuti iwe...ndakaona baba vachizviita. Vaiikanda nemaoko avo saizvozvo, uye yaibva yangowira pasi, mbeu yacho saizvozvo. Saka, murume uyu aikanda mbeu saizvozvo. Zvino paakangofamba achienda, shure kwake kwakaita gorosi raimera.

⁸⁹ Saka, paakangopoterera nepanodzika nyika, ndakaona chimwe chinhu chitema chichiuya, chakaita semwedzi mutema. Zvino ndakatarisa, iye ndokuswera pedyo, akanga ari mu—murume, mutema-tema, akapfeka zvitema. Akanga

achiverevedza, achitaridzika sezvizi. Uye aive nesaga rembeu, kungoti, imomo, aive nemasawi. Zvino aiakusha pakati pegorosi iri saizvozvo, akatanga achiakandira kutanga kuno uku uye neuko. Uye shure kwake kwakamera masawi, rutumbambeva, minzwa, rukato, nezvimwe zvose.

⁹⁰ Saka, ndakafunga, “Zvinonyadzisa kuti murume iyeye aite chinhu chakadaro.” Muchiratidzo, ndakanga ndisiri kufunga nezvazvo zvokuve zviru muMagwaro, munoona. Uye ini ndikati, “Murume uyo ari kudyara masawi mumunda wegorosi wemurume uyo.”

⁹¹ Zvino kwakabva kwapisa chaizvo. Gorosi duku rakarereka musoro waro richiti “haa, haa, haa” saizvozvo, richingofemereka sekudaro richida mweya. Kasawi kadiki kaiva nemusoro wako wakarereka, “haa, haa, haa,” kakanga kofemerekawo kachidawo mvura, zvakare. Munhu wese akanamatira mvura.

⁹² Mushure mechinguva kwakaita...Makore makuru ane kutinhira akauya ndokunaya pasi pose, uye payakadaro, mvura yakarova nyika. Zvino gorosi diki rakatanga kusvetuka-svetuka, richishevedzera, “Hareruya! Ishe ngavarumbidzwe! Hareruya! Ishe ngavarumbidzwe!” Zvino masawi madiki achidanidzira, “Ishe ngavarumbidzwe,” ndokunyatotwasanuka mudenga, hupenyu ndokuuya kusawi zvimwe chetezvo sekugorosi.

⁹³ Uye zvararo Rugwaro rwakauya, “Mvura inonaya pamusoro pavakarurama navasakarurama.” Ipapo ndakazvibata. Maona?

⁹⁴ Izvi, kana munhu akagara muungano, mweya unogona kuwira pamusoro pemunhu iyeye, asi zvakadaro munoziva kuti zvavari hazvina kunaka uye havararame mhando yehupenyu hwakafanira, chenjera zvaunotaura pamusoro pemweya iwoyo, unogona kunge uri Mweya Mutsvene. Usatonge mwe—mweya nemunhu. Munhu wacho anogona kuve asina kururama asi, zvino, ko Bhaibheri haritauri here kuti, “Mvura inonaya pamusoro pevakarurama navasakarurama”? Jesu haana here kuti, pakasimwa minda, “Ngazvikurirane zvose pamwe chete, masawi negorosi, pamwe chete. Musaedze kudzura masawi. Musaedze kuatonga, chingoregai zvikurirane pamwe chete. Zvino nezuva iroro vatumwa vachatumwa uye vachatora masawi ose voapisa, uye Gorosi richaunganidzirwa mudura”? Asi nezvibereko zvavo tinovaziva. Unogona kuziva mumoyo mako. Ramba uchiedza kushanda nemunhu iyeye.

⁹⁵ Usataure kuti mukadzi uyu, kana akapfeka zvisina hunhu kana...Wanga uchiti kudii? “Ngatitii Mweya Mutsvene uchashanya...” Ngationei. Kwete, ndatora usiri iwo pano, neimwe nzira. Oo, heunoi uyu, hongu.

Vakadzi vanotaura nendimi. Zvino, kana mukadzi ane vhudzi pfupi akataura nendimi muchechi, Mweya (regai tione), iwoyo Mweya weMweya Mutsvene here unotaura kubudikidza naye kana kuti mweya wenhema?

⁹⁶ Munoono, hapana chandingataura. Uye kana wafunga kuti mukadzi wacho haana kunyatsoita zvakanaka chaizvo nekuve nevhudzi pfupi... (Ndinotenda kuti ndiyo yanga iri nyaya yacho)... hongu, “bvudzi pfupi,” wadii nhai, hama, kana uri murume akaroorwa uye uyu ari mukadzi akaroorwa, wa—wadii watora mudzimai wako kana kuti woita kuti mudzimai wako ataure mukutapira nemudzimai mudiki uyu? Ngatitendei kuti ane Mweya Mutsvene. Kana ari muchechi ino, ndiri—ndiri kuzotenda kuti anawo. Uye zvakare, ingoti, pamwe ari... .

⁹⁷ Maiziva here, apo neapo, tinogona kuongorora uye toona kuti isu tinogona kuve nechimwe chinhu chidiki chisina kumira zvakanaka, zvakare. Munoziva, izvozvo—izvozvo—izvozvo zvakaitsa sekuti ndizvozvo, munoziva. Saka mumwe munhu angatofanira kutiudza chimwe chinhu. Nguva zhinji vanhu vakandiudza zvinhu zvakanaka zvakanaka zvisina kumira zvakanaka, izvo zvandaiita zvisizvo, ndinozvikoshesa izvozvo.

⁹⁸ Asi zvino ngatitauri kuti...ngatitendei kuti chero zvazvingava, ngatitendei izvi, kana mukadzi wacho asiri Mukristu chaizvo, kana ari kungonyepedzera, Mwari vachamutongera izvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Asi... Uye kana akapfeka zvounzenza, uye nezvinhu zvaari kuita zvisina kunaka, Mwari vachaona nezvazvo. Asi ngatitendei kuti Mweya iwoyo uri pamudzimai iyeye Mweya Mutsvene. Munoono, nokuti hatizivi.

⁹⁹ Zvino, kana dudziro ye “mweya mutsvene” iwoyo ikapa chimwe chinhu, chituko kuna Kristu... “Hakuna munhu anotaura neMweya anoti Kristu akatukwa.” Kana mukadzi iyeye ari kutaura nendimi zvino dudziro youya yokuti “Kristu akatukwa,” ipapo unobva waziva kuti mweya wetsvina uri pamudzimai wacho. Asi chero bedzi dziri kuropafadza nekusimudzira Kristu, zvino tenda Mweya iwoyo. Maona? Amen. Ndinovimba kuti hazvivhiringidze. Ndinovimba kuti zvinopa chiedza chidiki pazviri, zvakadaro.

142. Dheuteronomio, chitsauko 23, ndima 2, haidzidzise here kuti munhu akaberekwa kunze kwemuchato haakwanisi kuponeswa? Inotaura kuti “Mwari vachashanyira zvivi zvamadzibaba pavana vavo kusvikira kuchizvarwa chechitatu nechechina.” Tsanangurai kuti izvi zvinorevei.

¹⁰⁰ Zvakanaka. Hupombwe hwaive chinhu chakashata kwazvo munguva yeBhaibheri kusvikira kunyange kana murume akava nemwana nemukadzi akanga asiri mudzimai wake, mwana iyeye, vana vevazukuru vake, kwezvizvarwa zvina, makore mazana mana neanorudzira, vakanga vasingagoni kupinda muungano yaJehovha, nekuti ropa iroro renzombe nerembudzi nematsiru rakanga risina kukwana kuti ribvise zvivi. Raingogona chete kubvisa kana kuti kufukidzira chivi chete, raisagona kubvisa chivi zvachose. Maona? Raisagona

kubvisa chivi zvachose, raigona chete kungofukidzira chivi. Upombwe chinhu chakashata kwazvo!

¹⁰¹ Mudzimai, idombo rinokosha, rokuti Mwari vakamuita kuti ave amai, vakamupa humai, kuti kana akabereka mwana nemumwe murume asiri murume wake, zvadaropai va nechituko pamwana iyeye, nevana vake, nevana vake, nevana vake, kusvikira pazvizvarwa zvitatu nezvina. Kunyangwe kakawanda zvakaita senjovhera, ne—nehupofu nezvinhu zvakabata vanhu. Hongu, chaive chinhu chakaipa kwazvo, chakaipa kwazvo kuti mukadzi ave nemwana wekunze kwemuchato mutsvene. Zvino, kwete ipapo chete, asi chichiri chinhu chakaipa kwazvo, chokwadi chiri, nguva dzose.

143. Ko Ezekieri 38 ne39 zvichaitika here Kubvutwa kusati kwasvika?

¹⁰² Zvino kana mukacherechedza, Ezekieri 38 ne 39 inotaura nezveGogi neMagogi, inova Russia, nyika yokuchamhembe. Zvino, handisi kuti izvi ndezvechokwadi, asi nenzira yangu yekuzvidzidzisa, kuti, zvichaitika mushure meKubvutwa, mushure mokunge Chechi yatorwa kumusoro. Uye Mwari vanoshanda neGogi neMagogi pavanodzika zasi pamberi peIsraeri ipapo. Uye ndinofunga kuti zvichaitika mushure meKubvutwa. Zvino, hazvizviiti kuti zvive zviri izvo, munoono. Asi ndiyo nzira yangu yekuzvidzidzisa. Ndinofungidzira kuti ndizvo zvavanga vachida kuziva, kuti pfungwa yangu yaive yei.

144. Ishe vakatiudza kubudikidza nechiporofita kuti tipupurire kune vamwe pamusoro pezvinhu zvatakanzwa nekuona pano, zvakadai sekuswedera pedyo kweKuuya, rubhabhatidzo muZita, muZita raJesu, nezvimwe zvakadaro. Takaudza zvinhu izvi kune vamwe vanoita seMakristu, asi zvakadaro vanoratidzika sevasingatendi. Munofunga kuti chii chichaitika kuvanhu ivavo? Vachapinda muKubvutwa here?

¹⁰³ Zvino, ndinofara kuti mazvitauro saizvozvo kuti, “Munofungei?” Izvo zvaisaita kuti zvive zviri izvo nekuti ndaizozvifunga. Ndinotenda kuti hapana munhu anogona kufamba muChiedza chaMwari kusvikira Mwari vaChizarura kwaari. Uye handitendi kuti pane chero munhu ano . . . Zvinhu zvose izvi zvakavanzika zvakavanzwa kuvanhu, uye hapana munhu anogona kuzviona kunze kwekunge Mwari vazvizarura, uye ndinozvitenda nokuti muBhaibheri zvagara zvakadaro.

¹⁰⁴ Jesu haana here kuti “Mune meso uye hamugoni kuona, mune nzeve asi hamunzwi”?

¹⁰⁵ Uye zvakadaro muna Mateo, ndinotenda kuti chitsauko 8 kana 12, chakataura kuti “Kunyange hazvo Jesu akanga aita minana mizhinji kwazvo pakati pavo, asi zvakadaro havana kutenda. Nokuti Isaya akati, chiporofita chakataura kuti ‘Vane

maziso asi havagoni kuona, uye vane nzeve uye havagoni kunzwa.” Maona?

¹⁰⁶ Zvino Jesu akati, “Hakuna munhu angauya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamudana kutanga, uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Zvatoringana, munoona.

¹⁰⁷ Zvino, mune—mune mungava wekuparadzira Chiedza, hamuna mungava wekuti vagamuchire Chiedza. Mune mungava wekuChiendesa kwavari, asi hamunei nekudavirira kwavo. Uye zvakare kana Mwari vakavatendera kuti vapinde, zvinenge zviri kwaVari. Kana vasina kupfeka hanzu, nezvimwe zvakadaro, uye vorega. . . Asi ivo. . . Rangarirai, havagoni kuZviona kusvikira Mwari vaZvizarura kwavari.

145. Hama Branham, muna Dhanieri chitsauko 11, ndima 31, inodzidzisa zvezuva. . . kubviswa kwechibayiro chemazuva ose, nechinyangadzo chinoparadza. Ndapota mungatsanangura here kuti izvi zvii?

¹⁰⁸ Oo, munhu uyu asaina zita ravo kune uyu. Ndicho chidzidzo changu neSvondo inotevera, uye zvinouya pamwe ne—ne*Mavhiki Makumi Manomwe ADhanieri*. Asi. . . Uye ndingangotaura izvi kwamuri, hama yangu yakakosha yasaina izvi pano, inova shamwari inodikanwa zvikuru kwatiri tose. Hongu, “chinyangadzo chinoparadza,” Jesu, muna Mateo 24, akataura nezvacho. Chinyangadzo (zvinoreva hutsvina) chinoparadza, chinyangadzo chaive Mosque yeOmar yemaMoslem iyo yakavakirwa panzvimbo yetemberi pakanga pakamira Nzvimbo Tsvene.

¹⁰⁹ Muna A.D. 96, Titus akapinda ndokutapa Jerusarema uye akapisa temberi, uye vakavaka Mosque yeOmar (chitendero chechiMohamedhi) panzvimbo chaipo petemberi, uye ichiri yakamira ipapo nanhasi. Uye ichamira ipapo kusvikira Mwari vadzokera kumaJudha zvakare. “Zvino chinyangadzo (ndiyo Mosque yeOmar) chinoparadza Nzvimbo Tsvene,” chakamira paNzvimbo Tsvene, munoona.

¹¹⁰ Jesu akataura nezvazvo, ndokuti, uye mumabhuraketsi, “(regai uyo anoverenga anzwise).” Maona? Naizvozvo, Akapa mazuva ane humwe huwandu kubva panguva iyoyo kusvikira. . . mushure meMuchinda uye mazuva ane humwe huwandu, nezvimwe zvakadaro, zvatichapinda mazviri Svondo inotevera. Uye ndichaedza kudaro, neruzivo rwangu rwandinogona narwo, kukuisirai izvozvo Svondo inouya. Asi chinyangadzo ichocho iMosque yeOmar yakatora nzvimbo yetemberi, kuti, “Pamunoona chinyangadzo chinoparadza, chakataurwa nezvacho, nemuporofita Dhanieri, chakamira paNzvimbo Tsvene.” Munoona, chakamira paive pakambomira temberi (Nzvimbo Tsvene), Mosque yeOmar.

146. Hama Branham, hamunzwi here kuti munhu wese anozviti Mukristu anofanira kubhadhara chegumi, kubhadhara chegumi chake mudura raShe? Ndapota ipai Rugwaro kumubvunzo uyu.

¹¹¹ Zvakanaka, kana muchida...Ndizvozvo, kuti Bhaibheri rakati muna Maraki, chitsauko 4, “Ko munhu angabira Mwari here? Uye munoti, ‘Ndepapi’ imi ‘takaKubirai?’ Muchegumi nemipiro. Unzai zvegumi zvenyu zvose nemipiro mudura raNgu, uye muNdiyedze,” ndizvo zvinotaura Jehovha, “kana Ndikasazarura mahwindo eKudenga, uye ndikadurura maropafadzo zvekuti hapazove nenzvimbo yakakwana yekugamuchira.”

¹¹² Uku kudenha kune chero munhu! Uye dai ndaiva nenguva chete, uye ndorega kusvika kuGwaro diki iri randinoshuva kusvika kwariri mumaminitsi angaita gumi anotevera, ndinoda kukupai chapupu changu ndomene chekuti ndakanga nditenge ndine nzara, uye amai vangu nevamwe vaine nzara, uye baba vangu vachirwara, asi ndakatanga ndabvisa chegumi changu ndokuchipa kuna Mwari, zvino munofanira kuona zvakaitika. Handisati ndamboona muhupenyu hwangu, kuti chero murume kana mukadzi upi hake, wokuti kana achiwana dhora rimwe chete pasvondo, akaunza masendi gumi emari iyoyo oaisa mudura rako, kana kucheche kwaunobva, kana Mwari vakasaropafadza iwayo ndidaidzei kuti munyengeri. Hongu, changamire. Ikoko kudenhwa kuna chero ani zvake. Uye Mukristu wese...Izvi zvinoenda kune mumwe mubvunzo uyu. Mukristu wese anofanira kubhadhara chegumi! Ndizvozvo. Zvinofanira kuitwa.

Zvakanaka, zvino:

147. Kana munhu kana vanhu vachitaura nendimi dzisingazivikanwe nemabudire mamwe chete enzwi nguva yega-yega, chinhu chimwe chete, asi dudziro yacho yakasiyana nemududziri nguva yega-yega, ungava uri Mweya Mutsvene here?

Zvino regai ndipaverenge zvakare.

Kana munhu kana vanhu vachitaura nendimi dzisingazivikanwi nemabudiro mamwe chete enzwi (nemamwe mazwi, kungotaura chinhu chimwe chetecho seizwi *rakati-rikati* richingodzokororwa dzokororwa nekudzokororwa) nguva yega-yega, uye chinhu chimwe chete nguva yega-yega, asi dudziro yemududziri yakasiyana nguva yega-yega, ungava uri Mweya Mutsvene here?

¹¹³ Zvino, hoyo wakaomarara, asi regai ndingojekesa zvishomashoma pane izvi kana ndikakwanisa. Uye ndine chokwadi kuti muchanzwisisa kuti ava ndiHama Branham chete ndichiedza kuita nepandinogonesesa napo, asi regai ndingopa izvi sechiitiko

changu pachangu chekushanda nezvinhu zvemweya. Uye ndinokoshesa chivimbo chenyu chekundibvunza mibvunzo yakadai. Dai manga musina chivimbo mandiri, mungadai musina kundibvunza zvakadaro. Ndinotenda kuti Mukristu haangabvunze mibvunzo kumutsa gakava, ndinotenda kuti vari kuedza kutsvaga chinova Chokwadi. Maona? Uye ndaizopindura, uye kana . . . Uye ndichaupindura, uye kana ndiri ndazvijekesa “ndizvo zvakanakisisa pakuziva kwangu,” uye ipapo kana mweya iwoyo uri mauri ukagumbuka, zvinoratidza kuti hausi Mweya Mutsvene uri imomo. Maona? Saka zvino Mweya Mutsvene haugumbuki, unogadziriswa nguva yega-yega neShoko, unobvuma kugadziriswa.

¹¹⁴ Zvino regai nditaure izvi, kuti ini . . . Panyaya iyi, rangarirai, Mwari ngavave mutongi wangu. Ini, uyu ndiWilliam Branham, handaigona kudaro. Asi muzviitiko zvandakaona ndiri pasi pechizoro chemisanganano yakadaro, ndinotenda kuti munhu ari kutaura chinhu chimwe chete nguva dzese, mabudiro mamwe chete enzwi, atori chaizvoizvo kutaura nendimi. Ndinodaro, ndinotenda, kubudikidza neMweya ari kutaura nendimi, kana ari Makristu. Ari kutaura nendimi, pasina kupokana. Asi ndinotenda kuti unowana dudziro yakarerekerera kusiko.

¹¹⁵ Zvino, nguva zhinji, vanhu . . . Ini—ini handi . . . Ndinoziva kuti pangori nevanhu vepachechi pano bedzi, ndinofungidzira, manheru ano, zvisinei, tingati. Handizvo here, Hama Neville, kunge avo bedzi vanouya? Saka kana vatorwa vari pano uye muchipesana nazvo, ndiri kuedza kutaura kuchechi yangu, munoono.

¹¹⁶ Zvino, sababa venyu muEvhangeri, semufundisi wenyu—wenyu, ndinoda pamberi apo zvishoma, apo mweya yenyu nezvipo zvave kutanga kusvika pakukwaniswa . . . Kana mukange movaona vasingadzoreke uye vachiita . . . ipapo chitobvai mangotarisa—tarisa munhu iyeye, chitongozviregai nekuti hausi Mweya waMwari uri pavari. Asi kana vachitapira uye vakanyorova uye vakazvininipisa uye vakagadzirira, nezvose, ndiwo Mweya waMwari. Uye kana—kana mumwe munhu akabuda muhurongwa zvino mufundisi onge achifanira kuzvimisa, zvino mweya iwoyo wobva wagumbuka, zvadaro hausi Mweya waMwari. Mweya waMwari unomira nguva dzose, unouya kuShoko. Maona? Unocherechedza Shoko nguva dzose.

¹¹⁷ Zvino, asi zvino handisi kuedza ku—ku—kukufadzai nemashoko kana kukubatai kumeso, ndiri kungoedza kutaura chokwadi. Zvino, mumwe achitaura nendimi, uye mumwe osimuka kuzodudzira ndimi. Zvino nyatsoteererai. (Uye ndinofunga kuti izvi zviri kutepwa. Ndizvo here?) Mukududzirwa kwendimi . . . Zvino, ndichatofanirwa kupinda mune imwe dzidziso zvino neizvi. Mukududzirwa kwendimi, vanhu vazhinji vanodudzira ndimi nekutaura kwakatsaurwa

kwekunge vari ivo vachinzwa kutaura chinhu chakadaro. Iyoyo haisi dudziro.

¹¹⁸ Kududzira ndipo apo vari kutaura nendimi isingazivikanwe, uri kuvanzwa neChirungu, uye uchingodzokorora zvavanenge vachitaura. Asi izvo...kana munhu uyu akataura muchechi menyu...Handifungi kuti tinazvo mune ino. Kana zvichidaro, handina kumbozvanzwa.

¹¹⁹ Asi mumwe munhu achisimuka achingotaura tingati rimwe izwi, rinodzokororwa nekudzokororwazve, kana mabudiro mamwe chete enzwi richingoderera, richiderera, richiderera, richiderera...

¹²⁰ Ndinokuudzai, handitendi kuti Junie Jackson ari pano manheru ano. Aripo here? Handifungi kuti aripo. Asi ndagara ndichishamiswa naJunior Jackson nekutaura kwake nendimi, uye naHama Higginbotham, nevazhinji venyu imi vanhu vari pano, kuti munoono sei kushanduka kuya kweizwi mukududzirwa. Maona? Zvino—zvino izvozvo zvakanaka. Zvino, ini handi...Handisi kudadisa chechi yangu. Kwete, changamire. Kana chechi yangu yaizoda kugadziriswa, ndi—ndichamira pano uye ndoitira Muponesi wangu zvandinogonesesa, ndizvozvo, zvingava zvichirwadza kana kuti zvisingadaro. Ndiri—ndiri baba venyu muEvhangeri, munoono, uye ndinoda...Haudi mweya usiri iwo, unoda mweya chaiwo. Iwe—iwe haudi...

¹²¹ Ko unotorerei—unotorerei chinotsivanisa ipo paine matenga ose epentekosti akazara nezvechokwadi? Ko unodyirei mubhini remarara ipo paine tafura yakanaka, huru, yakachena yakagara pano ine hukuru netumakeke nezvimwe zvese? Maona? Ko tingazodaro nei? Maona? Ngatitorei chemazvirokwazvo, ndizvo zvatinoda, izvo chaizvo, zvechokwadi.

¹²² Zvino, ndinotenda, muchirevo ichi chaitwa pano, chinhu chimwe chete chichidzokororwa, ndinotenda mune chirevo ichocho kuti zvese hazvo ndizvozvo, asi handitendi kuti mududziri ari kududzira mutauro wemunhu wacho. Handitendi kudaro. Ndinotenda kuti Mweya uripo uye mududziri ari kuporofita. Ndinotenda kuti iye ndeuyo anoporofita pachinzvimbo chemududziri kana asinganzwe inzwi mune rwake ruri-...“Zvino isu tinonzwa sei mumwe nemumwe nerurimi rwedu rwekwatakaberekerwa?” Munoono, unofanira kunzwa mune mumwe chetewo, unofanira kuzvinzwa muChirungu. Kana...

¹²³ Heuno, heuno *mududziri*. Zvino, ndinosimuka, uye ndi—ndinongoziva mazwi maviri kana matatu mune—mune—mune mumutauro wakasiyana, wandinoziva. Zvino ndiri kungotora izvi sezvazviri, kwete mune zvepamweya zvino. Zvino ndichati, “Baie, baie bly. I...Ekke wil Afrikaans sprekken.” Zvino, handitende kana paine munhu pano anoziva zvandataura. Hongu, hama, ndati kudii? [Imwe hama inoti, “Mati munogona

kutaura Afrikaans”—Mupepeti] Afrikaans, “Baie, baie bly,” “ndinofara zvikuru, kwazvo.” “Ndiri pano kuti nditaure Afrikaans,” munoon, “Afrikaans sprekken.” Maona? “Ndiri pano kuti nditaure Afrikaans.”

¹²⁴ Zvino, chii chavaita? Ivo... Ndanga ndichitaura Afrikaans asi ivo vandinzwa neChirungu. Ndizvozvo here? Nekuti munoziva Afrikaans. Zvino, kana uri kutaura...kana ndimire pano kana ndichiti...ndichiparidza, uye Hama Neville vari kududzira nemumwe mutauro wevanhu, vari kutaura nemutauro wavo zvavanonzwa ini ndichitaura; vanoziva zvandiri kutaura nezvazvo nokuti vanoziva mutauro wangu.

¹²⁵ Uye kana uchitaura nendimi isingazivikanwe, uye uchidudzira, uri kunzwa nemutauro wawakaberekerwa mauri, nekuti ndiyo nzira chete yaunogona kududzira zvavari kutaura, nekuti Mweya Mutsvene wazvidudzira kwauri uye uri kungotaura wakamiririra Mweya Mutsvene.

¹²⁶ Asi zvino kana Mweya uripo kuti uropafadze munhu anonzwa urombo uyu, uye vakasimuka...Seimwe hama yakakosha yekare, yakafanotungamira, iri muKubwinya manheru ano, ndinotenda zvemazvirokwazvo. Mweya wekare wainyanyisa kudikanwa uyo ini...Hama Ryan vekare, isu tose taivaziva. Vaimbomira uko panzira...(Uye Mwari, ndiregerereiu, kuti ndisave uyo anomhura...Ndinoziva kuti ku...Kumhura Mweya Mutsvene hakuregereri.) Asi Hama Ryan vaiwanzotaura shoko rimwe chete voridzokorora nekuridzokorora nguva dzose, chimwe chinhu chokuti “saa nasaa nasaa,” kana chimwe chinhu chakada kudaro. Vaimbova vaine...Nhail, mumwe munhu akati, “Munofunga kuti ndezvaMwari here?”

¹²⁷ Ndikati, “Zvirokwazvo, ndezvaMwari! Zvirokwazvo, ndinotenda kuti ndezvaMwari.” Asi vaitaura nendimi, asi handina kukwanisa kutaura zvavaitaura nokuti handizivi. Asi, zvino hupo hweMweya hwakanga huripo.

¹²⁸ Saka kana hupo hweMweya huripo, uye munhu uyu ari kungotaura izwi rimwe chete, achidzokorora nekudzokorora nekudzokorora, zvino mumwe uyu ovetuka oedza kupa dudziro, asi asiri kuziva zvaari kutaura. Kana munhu uyu asiri kupa dudziro, ari kuporofita; mweya wechiporofita uri pamusoro pake uye ari kuporofita, kwete kupa dudziro.

¹²⁹ Naizvozvo, Mukristu anodikanwa, kunemi mataura kuti, “Iwoyo ungava Mweya Mutsvene here?” Unogona kunge uri Mweya Mutsvene uri kushandisa mahofisi maviri. Imwe, kuropafadza mweya mukutaura nendimi; uye imwe, kuporofita, kwete kunge achidudzira zvaari kutaura. Asi zvakadaro azvitaure. Mweya Mutsvene ndokuuya pamusoro pake muchiporofita panguva imwe chete uyu paakanga achitaura nendimi, zvino akafunga kuti yaive dudziro, zvinoita mutsauko

wei? Mweya waMwari uri kupa shoko kucheche. Asi *dudziro*, inofanira kunzwisiswa muChirungu uye yodzokorora chaizvo zvataurwa nemunhu wacho, ndicho chipo chekududzira.

148. Kana pane—kana patova nemashoko matatu ataurwa nendimi dzisingazivikanwi mumusangano mumwe chete, kozotiwo mumutsara wokunamatirwa mungava nemamwezve here mashoko anobuda uye zvoramba zviri muhurongwa hwepamweya hwemusangano?

¹³⁰ Handiti, zvirokwazvo. Ndizvozvo. Chokwadi. Ndiri kuziva kwamuri kusvika. Hoyo Pauro, akati, “Kana paiva... Unoporofita uye uchitaura nendimi,” chimwe chinhu chakadaro, Pauro achitaura nezve... .

¹³¹ Mushure menguva pfupi, kana imi mose...Hama Neville, kana imi mose muchida zvino, vanhu ava vane zvipo zvemweya izvi...Zvino, kana muchivimba nekunzwisisa kwangu kweGwaro, ndichauya zasi pova nemusangano nemi mega imi vanhu bedzi vane zvipo izvi, nemi mose bedzi, kuti tizogara pamwe chete...Uye kana uchinzwa...Uye imi mukatarisa, Hama Neville, uye moona muchechi, kuti ndiMwari uye Mwari vari kufamba pakati pavo, ndizvo zvatinoda, asi tinoda kuisa izvozvo muhurongwa kuti zvigozoropafadza chechi nokuita chimwe chinhu. Ndinazvo, ndinoziva, uye ndinoziva Magwaro, zvacho zvokuita. Uye ndizvo zvatinoda kuita.

¹³² Zvino, munhu uyu pano, ndinoziva mukutaura nendimi, zvinofanirwa kunge zviri, zvinoitwa nemajana, vaviri, kana vasingapfuuri vatatu. Ndizvozvo, asi kana mukacherechedza pano, kana zvaive... .

¹³³ Zvakangofanana nemunhu anopa kumusoro—kumusoro uko...SaHama Sothmann vakasimuka zvino vopa shoko muchiporofita kana kutaura nendimi. Kududzirwa kwendimi chiporofita, munoona, mweya wechiporofita. Zvino, kana uchingotaura nendimi dzisingazivikanwi, pasina mududziri, munhu iyeye ari kuropafadzwa neMweya, asi haakanganisi chechi.

¹³⁴ Zvino, izvo Pauro aiedza kusvika kwazviri ndeizvi, “Munoshandisa shumiro yese mukungotaura nendimi, munoona, zvino vasina kudzidza vakati, ‘Ko izvi—izvi ndezveiko, zvakadaro?’” Munoona, havazvinzwisise asi kunze kwekunge paine dudziro. Uye ngapave...pave neshoko rimwe, maviri, kana akawanda semashoko matatu mumusangano.

¹³⁵ Zvino, munhu wacho pano ati, “Zvino mumutsara wekunamatirwa?” Zvinofanira kunge zviri zvekuti pamwe mumwe munhu mumutsara wekunamatirwa...Pamwe, Hama Neville, kana mune imwe chechi kana chero kupi zvako kwazvinobva, kuti mumutsara wekunamatirwa murume uyu... . kana kuti mumisangano yekupodza kwaMwari, anogona kunge aive mumusangano waHama Roberts, musangano

waHama Allen, kana mumwe, mumusangano wangu kana mumwewo munhu, handizivi. Asi, chero zvazvingava, zviri kutaurwa naPauro ishoko kuungano kunze uko, “Ngavangove vatatu,” nokuti shoko raMwari riri kutaura shoko vachiedza kurisvitsa kuungano. Asi kana munhu wacho ari mumutsara wekunamatirwa, ari kuporofita kune mumwe munhu, kwete vose. Kana zviri izvo, ndanga ndisiri muhurongwa nguva yose mumitsara yangu yokunamatira, munoona, apo makumi matatu kana makumi mana avo muhusiku humwe? Munoona, kana uri kuporofita kune munwe munhu.

¹³⁶ Asi munhu uyu ari kuporofita ndezvekumutumbi wese, ngaave mashoko maviri kana matatu mobva mazvimisa. Kunyangwe Mweya Mutsvene uchiri kuda kutaura, asi imbomira zvishoma, ipa Shoko mukana wekubuda. Maona? Zvino ipapo, chaizvoizvo, kuti kutaura ikoko kunofanira kunge kuri pamberi kana mushure meShoko, hapana chinofanira kukanganisa Shoko parinenge Riri kubuda. Asi, zvisineyi, tinozozviisa muhurongwa gare-gare apo mweya yedu nezvipo zvatanga kupinda mukukwaniswa.

¹³⁷ Tiri kutaura zvino pamusoro—pamusoro pekurevesa kweChechi yepentekosti, ndinoreva Chechi yepentekosti yemazvirokwazvo. Uye tinofara kuti Mwari vachiri vapenyu uye vanotonga pamwe nokutaura nesu.

¹³⁸ Zvino, asi kana zvakafanana, semuenzaniso, kana hanzvadzi pano yaitipa shoko rendimi kana chiporofita, uye mudzimai ari pedyo navo ozopa shoko rendimi kana chiporofita, uye zvakare mudzimai ari pedyo navo kana mumwe munhu kumashure uko, mumwe munhu opa shoko kana chiporofita, kana ndimi. Pasina kupokana asi zvingori zvose kungotaura pamusoro pechinhu chimwe chete, kana Mwari vari muchimbichimbi, vachiedza kuzivisa chimwe chinhu, vachidaidza mumwe munhu muchechi kuti aite chimwe chinhu, zvino, kana chimwe chinhu chaVanoda kuti chitwe.

¹³⁹ Zvino ipapo, semuenzaniso, mutsara wekunamatirwa unodanwa, zvino Hama Neville kana ini kana mumwe mushumiri anodzika zasi kumunhu uyu, izvozvo hazvisi zvekumutumbi, ndezvemunhu uyu. Zvino Mweya waMwari unouya pavari kuti uudze munhu uyu chimwe chinhu, ipapo womuudza, nokuti havasi kutaura kuungano. Vari kutaura kumunhu uyu, kwete kuungano, saka izvozvo zvakarurama.

149. Zvakanaka, Hama Branham Vanodikanwa, nguva nenguva Ishe vanondiratidza zvinhu muzvirototo. Vakandiratidza zvinhu nezvemwanakomana wangu ari mumauto emungarava, izvo zvandakaudzwa nemwanakomana wangu kuti zvaive “zvakavanzika”. Vakandiratidza kufa kwevanhu uye nezvakavanzika zvemoyo yevanhu. Ichi chipo chinobva kuna Mwari here? PaVanondiratidza

**muzvirototo mwoyo nepfungwa dzevanhu, zvese zvagara
zvichingoitika sekuratidzwa kwandakaitwa nehope.**

¹⁴⁰ Handiti, hongu, hama yangu kana hanzvadzi, chero angava ani. Ishe vakuropafadzei. Zvokuti, semaonero angu, chipo chaMwari. Chipo chaMwari. Hamuzivi here kuti Bhaibheri rinotaura nezvezvirototo? Josefa, kurota kwaaiita hope nekududzira, uye kurota kwaiita vamwe hope. Zvinhu izvozvo ndezvaMwari. Zvino, kana zviri zvaMwari, zvichagara zviri zvechokwadi, zvichagara zvichiitika chaizvo nenzira yaVakataura.

¹⁴¹ Uye zvino regai...Kana mukatanga kushamisira nacho, chinongokusiyai. Munoono, ingoremekedzai nekutapira. Uye kana Vakakuratidzai chimwe chinhu, uye chiri chinhu chamunofanira kuudza mumwe munhu, kuti vakaita chimwe chinhu chisina kunaka, zvino musangosimuka motsiura munhu iyeye, endai kwavari imi pachenyu uye moti, “Hanzvadzi, hama, munoziva, Ishe vakandiudza humwe husiku kuti—kuti manga muri kuita chimwe chinhu chakaipa, *chimwe* chinhu.”

¹⁴² Kana munhu iyeye akati, “Zvamareva handizvo! Idzodzo inhema! Handina kuita izvozvo!”

¹⁴³ Zvino, chinhu chekuita ipapo kudzokera woti, “Baba voKudenga, zvanga zvisizvo here?”

¹⁴⁴ Zvino, kana munhu iyeye...Zvino kana munhu iyeye anga achikuudza chokwadi, zvino une mweya usiri iwo. Asi kana munhu iyeye ainyepa, uye akazviita, Mwari vachashanda nemunhu iyeye. Maona? Hongu, changamire. Nokuti, munoono, zvaakaita ipapo, amhura Mweya Mutsvene, achiramba izvo Mweya Mutsvene wazivisa kwaari. Maona pano? Saka chinhu chakaipa.

150. Hama Branham, zvingaitika sei kuti che—chechi inotamba, ichidanidzira, ichitaura nendimi, uye yorega Mweya... (regai tione, zvino mirai zvisihoma)...uye yorasika muMweya, uye kashoma chero nguva ipi zvayo kainoverenga Gwaro. Handizvinzwisise.

¹⁴⁵ Kana neniwo zvakare; munoono, “ichidanidzira, ichitamba, ichitaura nendimi, uye vasingatomboverengi Gwaro.” Ndi—ndi—ndinotaura izvi, rangarirai, William Branham, zvinogona kunge zvisizvo nemamaera miriyoni. Ndinotenda kuti vazhinji vevanhu... Ndabvunzwa mubvunzo iwoyo nhasi neimwe hama, chimwe chinhu chakadaro. Kutu, pavanoenda kunonamatira vanorwara, imwe hama zvichida inonamatira mumwe, zvino yoita kuti vose vaimbe kana kutamba muMweya, vachifunga kuti izvozvo zvinounza simba pakati pevanhu. Kwete, ini—ini pachangu, ndinotenda kuti zvakaipa.

¹⁴⁶ Ndinotenda kuti munhu anouya mumusangano wekupodza anenge achiita sekuuira ruponeso, huya uchiremekedza, uchitenda. Munhu wese ari imomo, asiri kudandidzira

nekutamba, asi vachiona hama yavo kana hanzvadzi yavo ichikwira kumusoro ikoko kunokumbira tsitsi kuna Mwari, kotamisa musoro wako wotanga kunamata, “Mwari, batsirai hama yangu zvino apo mufundisi vanomunamatira, vomuzodza. Regai Mweya Mutsvene uuye paari umupe kutenda kuti atende kuitira kupodzwa kwake. Ihama yakakosha. Ihanzvadzi yakakosha.” Iva uchimunamatira pane kungoimba, kudandizira nekutamba.

¹⁴⁷ Asi tinoona zvakawanda izvozvo mumisangano yedu yePentekosti, zvinogara zvakadaro... Ndinotenda kuti kunamata, ndinotenda zvechokwadi kuti vari kunamata Mwari. Hongu, changamire. Ndinozvutenda nemoyo wangu wese. Uye ndinotenda mukutaura nendimi, kudandizira nekutamba. Uye ndinozvutenda zvose, hongu. Ndinotenda kuti chero chipi chavanoita muBhaibheri chakangonaka nhasi sezvachaiwa kare, chokwadi, asi ndinotenda kuti chine nguva yacho nehurongwa hwacho.

¹⁴⁸ Zvino, kana ropafadzo guru riripo, uye vanhu vachidanidzira, uye kubwinya kwaShe kuchidonha, uye vanhu vachida kuzhambatata nekudandizira nekuita zvese zvanouudzwa neMweya. Pfuurirai mberi, ndizvozvo. Asi kana munhu achiuya kuzopodzwa, paine chekuita nenyaya yerufu nehupenyu, ndinotenda kuti tinofanira kuremekedza uye totaura kuna Baba uye totaura kwaVari nokuda kwehama iyi. Pane kuVanamata, ngatiVakumbirei, “Baba, ndiri—ndiri munamati weNyu. Ndinokudai, Munozviziva ndinodaro, ndinoratidza rudo rwangu kwaMuri. Zvino ndiri kuratidza kutenda kwangu kwaMuri, batsirai hama yangu kuti ipore. Muchazviita here, Baba?” Ndinotenda kuti muchawana kubudirira kuri nani nekuita saizvozvo. Ndinonyatsotenda kudaro. Mukuremekedza, Mweya waMwari.

¹⁴⁹ Ini zvangu, iyi ingave mamaira zana pakureba asi ndinotarira kuti ndaipindura, ndaparadzira Chiedza hacho chishoma. Ndinoita sekuziva zviru mupfungwa dzenyu zvino, zvisinei. Uye ndichakutaurirai, mushure menguva pfupi ndinoda kukumbira mufundisi pano kana vakazouya kuzondibatsira ku... pamwe kuuya zasi uye vounganidza vanhu vose vane Mweya waMwari pavari muchimiro chezvipo, tombotaura nezvazvo kwekanguva. Pamwe ndinogona kukubatsirai kuti mukwire manera pamusoro zvishoma uye moswedera pedyo zvishoma naMwari nazvo, uye tozvigadza zvakanyanya muhurongwa muhechi. Ndanga ndakatarisawo, zvinoratidzika kuva zvakanyakisa kwandiri. Uye ndinongofarira kuzviona zvichingoramba zvichifambira mberi, uye zvichingoramba zvichingoenda.

¹⁵⁰ Uye apo patiri kukura, musarege Satani achiverevedza achipinda, zvino. Vakomana, akachenjera. Uhm. Rega kuita zvekumukunda, usaedze kudaro, nekuti haugone.

Iwe chingovimba naMwari uye wongoramba uchifamba wakazvinipisa, uye Mwari vachazviita, uye uchaona kuti Mwari vachakushandisa zvakawedzerwa uye zvichiwedzerwa nekuwedzerwa saizvozvo. Ishe vakuropafadzei.

¹⁵¹ Tine nguva here yekutaura kwemaminitisi makumi maviri? [Hama Ben Bryant vanoti, “Ameni!”—Mupepeti] Maita henyu. Maita henyu. Ndinofungidzira kuti zvanga zvakakwana kuti zvindiite kuti nditange, Ben. Zvakanaka.

¹⁵² Ngativhurei kuna Mapisarema kwechinguvana. Ishe vakaita sekundipa kapfungwa kadiki pano kandinoda kutaura kwamuri mose manheru ano nenzira yemharidzo chete, kana muchida, ingori—ingori maminitisi mashoma. Ndinoziva kuti kuri kupisa, uye kuri kupisawo kumusoro kuno, zvakare. Asi, rangarirai, hatichazosangana zvakare, pamwe, kusvikira Chitatu manheru. Saka ngatingomirirai uye—uye tisati taimba rwiyo rwakanaka rwekare rwekuti *Ngachiropafadzwe Chisungiso Chinosunga*, ngati—ngatitaurei nezve Shoko ra—rakanyorwa. Mibvunzo iyi inoita sekutiita. . . inotisiya takabatikana kwazvo. Ngati—ngatibudei makuri zvino, uye—uye totaura muShoko.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu zvakare kwechinguvana.

¹⁵³ Baba veKudenga, mibvunzo iyi, ndaedza kutsvaga izvo vanhu vanazvo mumwoyo yavo, kuona kana vachazobvunza pamusoro *peizvi*, pamusoro *peizvo*. Ndiri kuona, Ishe, vari kushuvira zvipo zvemweya. Uye avo vane zvipo zvemweya vari kunetseka kuti vozvifambisa sei. Kune vamwe, zviri kukandira Chiedza chikuru pachechi; kune vamwe havasi kuziva. Zvino, Ishe, tibatsirei. Tibatsireiwo, Ishe. Tiri vana veNyu. Hatisi kuita zvinhu izvi kuti tizvikudze pachedu, tiri kuita izvi kuti Mwari vakudzwe kubudikidza nechipo icho Mwari vakatipa.

¹⁵⁴ Tinonamata, Baba, kuti Mugoropafadza zvipo izvi nokuzviratidza muचेchi. Uye dai zvikaitika kuti vafambi nevatorwa, vanenge vachiuya, vanopinda napasuwo iro uye vogara pasi maminitisi mashoma, uye dai Mweya waMwari uye wakakura kwazvo imo muno zvekuti uchazivisa chakavanzika chemoyo wose unopinda napasuwo. Zviitei, Ishe. Ngazvive nokutapira nokuzvinipisa kuya, pasina kana hashu uye nekutsiura pamwe nekuputsanya. Tinoziva kuti Mweya waMwari hauna kudaro.

¹⁵⁵ Saka tinonamata kuti Mugotiropafadza mune zvese. Ropafadzai chechi yedu, ropafadzai vanhu vedu. Ropafadzai vanhu vemamwe machechi. Uye, Baba, tinoziva kuti kunongova neChechi imwe chete uye tose tinozvarirwa maIri.

¹⁵⁶ Zvino ndinonamata, Baba, kuti Muwedzere kutiropafadza pandinenge ndichiverenga chinyorwa chidiki ichi chaMaita sekundipa, ndigere paya padheski masikati ano. Uye ndibatsireiwo, Ishe, kuti ndisachengeta vanhu kwenguva yakarebesa, asi kungotaura zvitauro zvisoma pano.

Ndinonamata kuti Muve mazviri. Uye mutipe kapfungwa kadiki, katinogona kuenda nako kumba uye totenda Ishe nekunaka kwavo. Tinokumbira muZita raJesu. Amen.

¹⁵⁷ Zvino, musakanganwe, mangwanani eSvondo inotevera, Ishe vachitendera.

¹⁵⁸ Zvino vhurai kuna Mapisarema 106, uye ndima 7. Ndanga ndiri kuzoverenga ndichidzika, chidimbu...chikamu chePisarema iri. Asi, ndiDhavhidhi. Mauyiyo azvaita kwandiri, zvave nekuda kwemharidzo yemangwanani ano. Uye, ndichaisa wachi yangu pano ndoedza kubuda nanine-thirty, kana zvichibvira. Zvino pandima 7 yeMapisarema 106.

Madzibaba edu haana kunzwisisa zvishamiso zvenyu muEgipita; havana kurangarira ngoni dzenyu zhinji; asi vakamutsamwisa pagungwa, kunyangwe...gungwa Dzvuku.

¹⁵⁹ Ndichaverenga ndima inotevera.

Kunyange zvakadaro akavaponesa nokuda kwezita rake, kuti agoita kuti simba rake guru rizivikanwe.

Ishe vawedzere maropafadzo aVo.

¹⁶⁰ Ndichataura kwamuri, kana Ishe vachitendera, pamusoro pechidzidzo chekusanzwisisa; Mwari, vasinganzwisisiwi. Ndichazvitora sezvizvi: *Mwari Vasiri Kunzwisiswa.*

¹⁶¹ Munoziva, kusanzwisisa kunotipinza mumatambudziko akawanda. Nguva zhinji idzo vanhu vanotaura zvinhu zvavanodzokorora mushure memumwe munhu, apo, vainge vasina kumunzwisisa. Zvinopinza munhu mudambudziko. Ndinotenda kuti zvingatinakira kana tikango, zvino, tikamira kusvikira tanzwisisa zvatanga tichitaura nezvazvo. Hamufungi kudaro here? Ndinoziva kuti zvingava zvakadaro, kwandiri, zvakanadinakira kwazvo kuti nditange ndaziva uye zvadaro ndozozvitaure. Maona? Asi tinogara, tichiita sekunge, tisinganzwisise. Zvino pano Dhavhidhi ari kutaura pamusoro peIsraeri, isina kunzwisisa zvishamiso zvaVo pavakanga vari muEgipita.

¹⁶² Zvino, kusanzwisisa hakusi kungoti, “Manje, handina kunzwa zvaataura,” asi kuona chimwe chinhu chichiitwa uye wotadza kunzwisisa *kuti ndechei*. Ndicho...Ndiko kuti, uri kuzvipotsa, zvese hazvo zvino.

¹⁶³ Zvino, Mwari havaiti zvishamiso kungoti vati, “Munoona, ndiNi Mwari.” Mwari vanoita chishamiso kuti pave nekunzwisisa. Maona? Mwari vanozviita nechinangwa. Uye macherechedza here kuverengwa kweMapisarema pano mundima iyi yechi 7? Ndinofunga kuti yakanaka kwazvo, ndinoda kuiverenga zvakare.

Madzibaba edu haana kunzwisisa zvishamiso zvenyu muEgipita; (munoona, havana kuzvinzwisisa)...

havana kurangarira ngoni dzenyu zhinji; Asi vakamutsamwisa pagungwa, kunyangwe... gungwa Dzvuku.

Kunyange zvakadaro akavaponesa nokuda kwezita rake, kuti agoita kuti simba rake guru rizivikanwe.

¹⁶⁴ Munoono, havana kunzwisisa kuti sei Mwari, zasi uko muEgipita, vakaita zvishamiso izvi. Vakanga vari kuedza kuvaratidza tsitsi dzaVo. Vakanga vari kuedza kuvaita kuti vanzwisise kuti Vakanga vari Mwari vari pakati pavo. Ndinozvaida izvozvo.

¹⁶⁵ Mumharidzo yangu diki yandakaparidza pano imwe nguva yapfuura, kumusoro kuChicago, uyezve ndinotenda kuti ndakaiparidza pano, vakomana vanayo patepi, *Chapungu Pachinenge Chichizunguza Dendere Racho*, chichibhururutsa mapapiro pamusoro pevana vacho. Kutu mai chapungu vanotora sei vacheche vavo vadiki... Vasati vavatora kunobhururuka, vane minhenga yakawanda isina kubatirira mavari. Uye havasati vambovaona vari mukunakisisa kwavo nekuti vese vakagara zasi mudendere. Asi vanosimuka pamusoro pedendere uye votambanudza mapapiro avo makuru akasimba. Vari kuitei? Vanodanidzira, vanoda kuti vazive izwi ravo. Vanotambanudza mapapiro avo makuru.

¹⁶⁶ Chapungu chechikadzi dzimwe nguva ndicho chikurusa. Zvinonzi zvapungu pane imwe nguva, zvikadzi izvozvo zvikuru, zvine mapapiro mafiti gumi nemana kubva kumucheto zvivika kune mumwe kucheto wemapapiro akatambanuka, chinonhonga mhuru uye chobhururuka chichienda nayo. Mafiti gumi nemana, kumucheto kuenda kune mumwe; mapapiro, pakareba sekudarika papuratifomu ino ipo pano, kubva pane bango kuenda pane rimwe bango.

¹⁶⁷ Vanosvika kumusoro ikoko pamberi pemuchinda mudiki uyu, nokuda kwei? Vari kuzomutora kuenda naye kunobhururuka. Haana kumbobvira abuda mudendere iroro. Uye vachamutora kumusoro-soro mumatenga vobva vamuzunza achibva, uye vomurega kumusoro ikoko kuti azvifambisire mapapiro pachake, kuti adzidze kubhururuka. Saka vanoda kuratidza masimba avainawo. Vanotambanudza mapapiro avo makuru pakuratidza minhenga, zvino vodanidzira, vobva vavapumha-pumha. Oo, ini zvangu! Minhenga inobhururuka ichibva mudendere, nezvimwe zvese, vari kukandira mhupo imomo sekunge iri kubuda mundege yejeti. Vanomurova achiwa nenhendashure, zvino obva arara nemusana wake mudiki, uye obva atarisa mudenga ofunga, "Amai, muri mukuru sei! Muri mukuru sei!"

¹⁶⁸ "Unoona kusimba kwemapapiro angu? Ndinogona kukusimudza uye ndokutakura chero kwandinoda. Ndine simba!"

169 Uye ndizvo zvakanga zvichiitwa naMwari kuIsraeri. Munoziva, Vakati, “Sechapungu chinozunguza dendere racho,” ndicho chinhu chimwe chete. Vakawana Israeri munyika yaiungudza zasi ikoko, uye Vakaibuditsa kubva muEgipita ndokuiendesa kunyika yechipikirwa, pamapapiro echapungu. Maona? Uye Mwari vakanga vachiitirei zvishamiso izvi? Vakanga vari kuedza kuratidza kuvanhu vaVo kuti Vaiva Jehovha ane simba.

170 Uye ndizvo zvaVari kuedza kuita nhasi! Havangopodzi vanhu nekuda kwekuti Vanogona kupodza. Vari kuedza kuratidza kwauri kuti ndiVo Rumuko, kuti Vanogona kukuporesa, Vanokwanisa kumutsa mutumbi wako. Vanogona kuita chero zvaVanoda, ndiVo Jehovha! Ndinozvifarira izvozvo.

171 Asi vanhu havana kuVanzwisisa. Mwari vari nyore kusanzwisiswa nevasingatendi, neavo vasingade kunzwisisa. (Vanhu vazhinji vanoedza kunzwisisa.) Vazhinji havadi kunzwisisa, vanongozvivarira mukati, voti, “Hakuna chinhu chakadaro,” uye “handitendi mune zvakadaro.” Zvino havafi vakagona kunzwisisa.

172 Asi munhu anoda kunzwisisa, uyo anoda kugara pasi (“Uye huyai titaurirane,” ndizvo zvinotaura Jehovha) zvino, munhu iyeye ari—ari munzira yokudzidza chimwe chinhu kubva kunaShe. Asi vanhu vanogara vachifambidzana naMwari pamwe nesimba raMwari. . .Iwe haugone kuve unofambidzana naMwari pasina kufambidzana nesimba raVo, nokuti kana uchifambidzana naVo unenge uchizivana naVo, kana uri wehukama kwaVari, uye ipapo unenge une simba raVo mauri.

173 Ndicho chikonzero sei vanhu vasingakwanise kutenda muzvishamiso nhasi, nokuti havana chinhu mavari chokutenda nacho. Vanofanira kuva nechimwe chinhu imomo chokutenda nacho. Zvino kana Mweya waMwari uri mumunhu, anoti “ameni” kuShoko roga-roga raMwari nechishamiso choga-choga chaMwari. Asi sekutaura kwaisiita amai vangu, “Haugone kuwana ropa kubva mutenipi, nekuti hamuna ropa mariri.” Saka ndiyo nzira imwe chete, haugone kuwana kutenda kubva kune asingatendi, nekuti hamuna imomo chekutenda nacho.

174 Mumwe murume akati, “Handitendi mukupodza kwaMwari, zvisinei nokuti ungati kudii.” Zvirokwazvo, hazvisi zvake, ndezveavo chete vanogona kutenda. Kana uchizowana ropa, ribvise pane chimwe chinhu chine ropa machiri. Kana uchizowana kutenda, kubvise muchinhu chine kutenda machiri.

175 Uye ndiyo nzira yacho, Mwari vanoshandisa chimwe chinhu chine kutenda machiri. Havakutumiri kunze kuno kumbuserere yekupodza varwere kana usina kutenda kwakakwana kwekuzvitenda. Vachakutuma sei kunze murumutsiriro rwunoita zvishamiso apo iwe usina kutenda kwakakwana kwekuzvitenda? Vanoda chimwe chinhu chine chimwe chinhu

imomo chaVanogona kugadzira chimwe chinhu nacho. Saka vanhu havana kunzwisisa.

¹⁷⁶ Noa haana kunzwisiswa zvakananyanya muzuva rake. Noa, achizivana naMwari, muranda waMwari, mutendi muna Mwari. Uye kana wava mutendi muna Mwari unoita zvinhu zvinopesana chaizvo kune zvinofungwa nevanhu kuti ndizvo zvakanaka kusvikira vanozofunga kuti unopenga. Uye Noa, ayambirwa naMwari, akagadzira areka kuti mhuri yake iponeswe. Uye vanhu vakafunga kuti anopenga. Akanga asingapenge, haana kungonzwisiswa nekuti aitevera gwara raMwari. Ameni! Ndinozvifarira izvozvo. Haana kunzwisiswa.

¹⁷⁷ “Ko munhu aizvigona sei, zvakadaro . . .” Unoti, “Hakuna kumbonaya mvura kubva kumatenga. Chii chinonzi mvura inonaya?” Hakuna kumbonaya mvura, Mwari vaidiridzira pasi. “Noa, mvura yacho iri kupi?”

“Handizive.”

“Ndiratidze pairi!” “Handikwanise kukuratidza.”

¹⁷⁸ “Saka, unoziva sei kuti ichadzika kubva kumusoro uko iko kusina iriko kumusoro ikoko yokuti idzike pasi?”

¹⁷⁹ Noa anogona kunge akataura chimwe chinhu chakadai, “Mwari vakandiudza kuti yakanga ichadzika. Uye kana Mwari vakati ‘iri kudzika,’ Vanokwanisa kuiisa kumusoro ikoko vobva vaiburutsa.” Saka zvakabva zva—zvatoringana. Kana Mwari vakataura kudaro, ndizvo zvoga zviripo kwazviri. Maona? Haana kunzwisiswa nekuti aitevera Mwari.

¹⁸⁰ Eria. Ndaigona kugara pazvidzidzo izvi kwenguva yakareba, asi ndine zvakati wandei zvazvo pano zvandingada kuuya kwazviri nekukurumidza. Eria haana kunzwisiswa nerudzi rwake. Eria akanga ari muIsraeri, akanga ari muJudha, uye akanga asinganzwiswi nokuti aigara achipomera rudzi rwake, achipomera mambo, achipomera mambokadzi, achipomera zvinhu zvose zvaivapo. Uye achivapomera! Airatidzika kuva mupengo kwazvo. Handiti, ini zvangu, zvese, izvo: “Mambo, ZVANJI NAJEHOVHA. Mwari vachakuranga; iwe, Jezebheri; iwe, *nhingi-nhingi*.”

¹⁸¹ Haana kunzwisiswa. Sei? Akanga ari kutevera Mwari. Akanga asiri Eria wavasina kunzwisisa, kwaive kushanda kweMweya Mutsvene muna Eria kwavasina kunzwisisa.

¹⁸² Munhu angamukira rudzi rwake pachake sei? Akamhura rudzi rwake, akagadzirisa, uye akaisa zvituko zvaMwari pamusoro parwuri, rudzi rwacho chairwo, vanhu vacho chaivo vaaigara navo. Rudzi rwake pachake, ruvara rwake pachake, chitendwa chake pachake, verudzi rwokwake, uye zvakadaro ofanotaura mitongo yaMwari uye akadana nzara pamusoro pavo. Haana kunzwisiswa, nokuti akanga asiri Eria, vakanga vari Mwari muna Eria wavasina kunzwisisa. Akanga asiri

Eria aive asiri kunzwisiswa, vaive Mwari vaitungamirira Eria, uye havana kunzwisisa kuti Mwari vaive Mwari Vatsvene uye haVagone kutendera chivi.

¹⁸³ Uye hazvina mhosva kana chiri pahama yako, hanzvadzi, kana amai, zvisinei kuti ndiyani, chivi pamberi paMwari uye kutongwa kuchauya pamusoro pavo nokuda kwacho. Kusanzwisiswa.

¹⁸⁴ Dhanieri haana kunzwisiswa apo vamwe vose vevana veIsraeri vakakotamira chifananidzo, asi iye naShadhireki naMisheki naAbhedhinego vakaramba kupfugama. Saka, vakati, “Dambudziko rake nderei?” Rudzi rwose rwakati, “Dambudziko remurume anopenga uyu ndereiko? Saka, vamwe vaHebheru vose vanocherechedza mwari wedu, vanomucherechedza, vanokotama patinoridza hwamanda, nekuridza hwamanda nokuridza mitengeranwa, nezvimwe zvakadaro, nokuridza nyere. Vese vanokotama, asi dambudziko remupengo uyu ndereiko? Dambudziko rake nderei, haazviiti?” Nokuti akanga akabatana naMwari! Ndiro dambudziko racho. Haana kunzwisiswa. Aifanira kunge ari kupenga, kana kuti akanga arasikirwa nenjere dzake, kana kuti vakanga vari boka nenhengo. Asi vaitevera bedzi kutungamira kweMweya. Ndicho chikonzero vakanga vasinganzwisiswe.

¹⁸⁵ Vaporofita vose veTestamende Yekare, kuti vakasimuka sei uye vakaporofita vachipesana nerudzi rwavo, kuti vakaporofita sei zvaipesana nevanhu, kuti vakaporofita sei zvaipesana nechinhu chacho, vachiisa zvituko pamusoro pavo, uye nokuita zvinhu zvakadaro. Havana kunzwisisa. Sei? Vakanga vari varanda vaMwari, vaiita kuda kwaMwari, vaiita basa raMwari, nokudaro havana kunzwisiswa.

¹⁸⁶ Uye chero ani anotevera Mwari haanzwisisiwi. Jesu, Ishe wedu, pakuzvarwa kwaKe, haAna kunzwisiswa.

¹⁸⁷ Vachenjeri, havana kunzwisiswa, vaitevera chiratidzo chemweya kuti vawane Mambo akaberekwa ari Mambo wemaJudha. Vakaziva kuti kwaiva neNyeredzi yaibuda kubva muna Jakobho, maererano nezviporofita zvaDhanieri. Uye vaiziva kuti Mambo uyu aizova Muponesi, Aizova Mambo weIsraeri. Zvino vakauya ndokuita makore maviri, nzira yose kubva kuIndia, zasi neRwizi Tigris, uye ndokudarika magwenga nokupfuura nemumakomo, kwose-kwose, ndokupinda muguta reJerusarema mamwe manheru pakuvira kwezuya, vachidanidzira kuti, “Aripi iYe akazvarwa ari Mambo wemaJudha? Ari kupi?”

¹⁸⁸ Uye hapana aiziva nezvazvo. Chakanga chiri chinhu chinoshamisa kuti Mambo wemaJudha akazvarwa uye vanhu vari kure nemazana emamaira vaiziva nezvazvo; uye imo muno muguta raAkaberekerwa, nenzvimbo yaAkaberekerwa, ari pakati pevanhu vaAkazvarirwa, zvino hapana chavaiziva

nezvazvo. Vakataadza kunzwisisa Vachenjeri. Vakati, “Hakuna chinhu chakadaro chinonzi Mambo wemaJudha. Tina mambo kumusoro kuno, Herodhi.”

¹⁸⁹ Haana kunzwisiswa pakuzvarwa kwaKe paAkazvarwa. Uye Maria aizova amai asati aroorwa naJosefa. Kusanzwisiswa. Vakafunga kuti Akazvarwa kunze kwemuchato mutsvene, vakanga vasingazivi kuti Mweya Mutsvene wakanga wabatisa mimba yemwana uyu maari. Asi hazvina kunzwisiswa. Chaive chiito chaMwari uye vanhu havana kuzvinzwisisa.

¹⁹⁰ Vachiri kutadza kuZvinzwisisa, chiito chaMwari hachiwanzonzwisisi.

¹⁹¹ Nevanhu vemweya bedzi vanotenda, vanhu vanotenda Mweya. Asi hazvina kunzwisiswa, Vachenjeri havana kunzwisiswa.

¹⁹² Herodhi haana kuzvinzwisisa. Herodhi paakati, “Saka, imi mozondiudza kune mwana, uye ndichaendawo kunomunamata, zvakare.” Akanga ari munyengeri, ainyepa. Izvo zvaaitya... Akanga asingazivi Magwaro ekuti paifanira kuva naMesiya aizouya, Mambo weKudenga. Uye Herodhi akafunga kuti aizova mambo wepanyika, uye aida kuMuuraya kuti aMubvise.

¹⁹³ Akanga asiri mambo wepanyika, Akati nyika ino haisi humambo hwaKe, “Dai uhwu hwaiva Humambo hwaNgu vanhu vaNgu vaizoNdirwira, asi Humambo hwaNgu ndehwekumusoro.” Herodhi haana kuzvinzwisisa, akafunga kuti aive mambo wepanyika.

¹⁹⁴ Ndiwo matauriro avanoita nhasi, “Ichechi ipi yaunopinda kana uri Mukristu? Isanganori?”

“Hapana!”

¹⁹⁵ Havazvibate. Munooni, havagoni kuzvinzwisisa. Vanofunga kuti *sanganori* rinoreva kuti “Mukristu.” Zvinotopesana, zvakananyisa kwazvo. Asi hazvinzwisiswe nevanhu.

¹⁹⁶ Zvino, tinooni kuti Herodhi haana kuZvinzwisisa, akataadza kuZvinzwisisa.

¹⁹⁷ Nikodhimo akataadza kukunzwisisa, Kuberekwa patsva, paakauya kuna Jesu pahusiku. Mumwe munhu akamupa mhosva. Handimupi mhosva. Akanga ari murume akanaka, aida kuziva chimwe chinhu. Aive akabatikana zuva rose, pamwe aive kuhofisi yake yemuprisita, kana zvimwewo, aitofanira kuuya husiku. Zvisinei, akasvikako, akaita zviri nani kupfuura zvinoitwa nevanhu vazhinji zvino. Havauye masikati kana husiku. Pakupedzisira akazosvika; usati wamupa mhosva, wakadaro here? Pakupedzisira akasvika kuna Jesu, uye ngatiregei kumupomera kana *isu* tisina kumbosvikako. Uye kana ukasvika ikoko, ipapo handifunge kuti ungamupomera. Kwete, iye—iye akasvikako. Uye akauya husiku, uye pamwe ainge akabatikana. Zvisinei, akauya. Zvichida Jesu akanga

akabatikana zvikuru achinamatira vanorwara nezvinhu, nguva chete yaaigona kuMubata kuhurukuro iyi yaizova nguva dzehusiku. Asi pakupedzisira akazosvikako, akagarako kusvikira awana hurukuro naJesu. Uye Jesu paakati... Iye— iye akati, “Rabhi, tinoziva kuti Muri Munhu akatumwa kubva kuna Mwari, nokuti hakuna munhu angagona kuita zvinhu izvi zvaMunoita kunze kwokunge Mwari vainaYe.”

¹⁹⁸ Jesu akati, “Kunze kwekunge munhu azvarwa patsva haangapindi muHumambo, kana kutoona Humambo hwacho.”

¹⁹⁹ Zvino rabhi mukuru, tenzi muIsraeri, akati, “Ini, murume akwegura, kuti ndipinde mudumbu ramai vangu ndigoberekwa patsva?” Munoona, haana kunzwisisa zvaitaurwa naJesu, haana kungozvibata. Nekuda kwekuti Jesu aitaura nezveKuberekwa kwepamweya, uye aiedza kuzviisa pakuberekwa kwepanyama. Saka haana kuMunzwisisa, haana kuzvibata. Akango... maitiro anoita vanhu. Sezvakangoita Nikodhimo, vazhinji vedu tinotadza kunzwisisa zvinhu zvaMwari nokuti tinongozvitora tozvishandisa sechinhu chepanyama.

²⁰⁰ Zvakafanana, toti, chiremba anoti, “Oo, handitendi mukupodza kwaMwari. Handitendi kuti pane zviripo.”

²⁰¹ Ndakanzwa chiremba achiudza mumwe mukadzi muhofisi imwe nguva, akati... Uye mudzimai akanga asingazivi... Aida kuziva kuti chii chakazoitika nebundu raaiva naro. Akati, “Hama Branham vakandinamatira uye Ishe vakandipodza.”

²⁰² Akati, “Handizvitendi.” Akati, “Handimbokwanisi—handimbokwanisi kutenda chero chinhu chakadaro.” Akati, “Ndiudzei kuti ndiani akaribvisa.”

Akati, “Tsvagai vanga racho.”

Akati, “Chii chamakaisa pariri?”

²⁰³ Akati, “Hapana, kwete zvachose.” Akati, “Vakangondidaidza pandaiva mumusangano zvino chinhu chacho ndokuenda.”

²⁰⁴ Zvino ndakanga ndakagara chaimo mukamuri inotevera, ndizvozvo, ndakagara chaimo mukamuri inotevera, ndichiteerera. Mudzimai aisaziva kuti ndaive imomo. Uye chiremba akanga asingazivi kuti ndakanga ndirimo, nokuti akanga asingatombondizivi, munoona. Zvino hapo pandaive ndakagara imomo. Uye akati... Achiendesa mumwe munhu kuhofisi yachiremba. Ndizvo chaizvo. Uye ndaida kungonzwa zvaakataura. Ndakawana—ndakawana murwere ndokubuda imomo pandakaona izvo, kuti chiremba akanga asingatendi.

²⁰⁵ Saka akati, “Handitendi shoko rimwe chete razvo.” Akati, “Handisati ndamboona chero chinhu nazvino chingaite chero chinhu chakadaro. Handingozvitende hangu.” Akati, “Ndinofanira kuzviona ndisati ndazvitenda.”

Mudzimai akati, “Saka, ko bundu rangu—rangu?”

Akati, “Ndaifanira kuriona richienda ndisati ndazvitenda.”

²⁰⁶ Munoono, kuona hakusi kutenda. “Kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zvausingaoni.” Munoono, unotanga wazvitenda zvararo zvozoitika. Saka mu—murume uyu akanga asiri mutendi, saka naizvozvo chaive chiri chakavanzika kwaari. Aisaziva zvaaitaura nezvazvo nekuti iye—iye aitadza kuzvinzwisisa, chaiva chirahwe kwaari.

²⁰⁷ Vanhu vanoti nhasi, “Oo, handitendi mukupodza kwaMwari ikoko. Handitendi muMweya Mutsvene iwoyo. Handitendi mukutaura nendimi ikoko. Handitendi mukudanidzira ikoko. Ini handitendi mune zvinhu zvese izvi zvakadaro. Handitendi mazviri.” Sei? Ichakavanzika! Uri kungotadza kunzwisisa. NdiMwari, hezvinoi izvi zvirimo muBhaibheri. Hezvinoi zvichiunza zvibereko zvimwe chete izvo Bhaibheri rakatara kuti raizounza, zvino anofanira kuva ari Mwari. Unongotadza kuZvinzwisisa, ndizvo zvoga. Mwari vanotadza kunzwisiswa.

²⁰⁸ Vadzidzi vaKe havana kugona kunzwisisa zvishamiso zvaKe. Husiku huya paAkapinda muigwa, uye akati, “Munhu werudzii uyu zvekuti kunyange mhopo nemafungu zvinoMuteerera?” Havana kunzwisisa kuti Akanga asiri munhu, Aiva Mwari.

²⁰⁹ Ndiro dambudziko nhasi nevanhu, vanoda kuMuita kamukomana kadiki kekutuma-tuma, kana kamwewo kekutakurisa chekutambisa mutambo. Vanoda kuMuita kamuchinda kadiki mumusasa.

²¹⁰ Akanga asiri kamuchinda kadiki mumusasa, Aiva Jehovha, Mwari! Havana kuzvinzwisisa. VaiMutarisira kunge achingove mumwewo wavo. Akanga asiri mumwewo wavo, Akanga ari Mwari pakati pavo! Aipfuurira kuva munhu. Sezvandagara ndichitaura, Akanga ari munhu paAiva nenzara, asi Aiva Mwari paAkapa chokudya kuzviuru zvishanu nemabhisikiti, mabhisikiti maviri nedzimwe nhindi dzhove. Akanga ari munhu paAkanga aneta ari kumashure kweigwa, asi Aiva Mwari paAkamisa mhopo nemafungu uye akazviita kuti zviMuteerere. “Ambori munhu werudzii uyu?” Akanga asiri werudzi rwemunhu, Aive Mwari vachiratidzwa *mumunhu*. Havana kuMunzwisisa. Vakafunga kuti Aive munhu, mwanakomana waMaria, muvezi wemapuranga, asi Aive Mwari vachiratidzwa munyama. Amen!

²¹¹ Varwi vechiRoma havana kuMunzwisisa, pavakaMugadzika muruvanze, ndokuisa chidhende pameso aKe, ndokuMurova pamusoro pemusoro ndokuti, “Zvino, kana Uri muporofita, vose vanoti Uri muporofita, huya utiudze kuti ndiani Akurova pamusoro pemusoro.”

²¹² Munoono, havana kunzwisisa kuti Jesu akati, “Ndinoita chete zvaNdinatoratidzwa naBaba kuti ndiite. Ndinoita zvaNdinatoratidzwa naBaba, uye zvakare Ndinoita

zvaVanoNditaurira kuti ndiite.” Havana kuzvinzwisisa, havana kunzwisisa shumiro yaKe.

²¹³ MaJudha havana kuMunzwisisa. Kuti Akasvika sei pakuva Shamwari neMuponesi wavo, uye vaida kuMuita chimwe chinhu chakaipa. Havana kunzwisisa shumiro yaKe. Akati, “Mambokadzi wekumaodzanyemba achasimuka muKutongwa nechizvarwa chino agochipa mhosva, nokuti akabva kumagumo enyika kuzonzwa huchenjeri hwaSoromoni. Zvino mukuru kuna Soromoni ari pano.” Asi havana kunzwisisa kuti Akanga ari mukuru kuna Soromoni. Vakafunga kuti Aingova munhuwo zvake.

²¹⁴ Vazhinji vavo vakafunga kuti Akazvarwa kunze kwemuchato mutsvene, akakura achibva mumhuri yakaipa yakanga ine zvishuwo izvi nezvimwe zvakadaro, uye mwana weupombwe. Mubvunzo watichangobva kuva nawo, havana kana kugona... Manje, vakati, “Handiti, tinoziva kuti Wakazvarwa kunze kwemuchato mutsvene, Une dhimoni paUri. Ko sei, Uri kuyedza kutidzidzisa? Tiri vanarabhi!”

Akati, “Muri vababa venyu, dhiyabhore.”

²¹⁵ Munoono, havana kunzwisisa. Paya mauto eRoma paakadzokera pane imwe nguva, vachiMuteerera, vakati, “Hapana munhu akambotaura zvakadai. Hatina kumbonzwa munhu achitaura zvakadai.”

²¹⁶ Akanga asiri munhu aitaura, akanga ari Mwari! Hongu, changamire. Munhu haana kutaura saizvozvo. Munhu anoreva uye anotaura Magwaro, Jesu anoita kuti Magwaro ave *mapenyu*. Munhu haararama sezvizvi: “Magwaro anotaura izvi pano, hezvinoi izvi!” Munhu anogona kuti “Rugwaro rwunozvitaure,” asi ndizvo zvoga zvaanogona kuita. Asi Jesu aigona kuti, “Ini naBaba vaNgu tiri mumwe, Baba vaNgu vanogara maNdiri. Uyo waNdiona aona Baba.” Hapana mumwe munhu aigona kutaura izvozvo! Amen. Hareruya! Ndizvozvo chaizvo. “Uyo waNdiona aona Baba.” Hapana mumwe munhuzve aigona kutaura izvozvo!

²¹⁷ Ndosaka masoja akati, “Hapana kana munhu akambotaura zvakadai. Haatauri semunyori kana muparidzi, Anotaura zvine simba! Uye kunyange madhimoni anoMuteerera, uye mhengo nemafungu zvakaMuteerera.” Vaifunga kuti Aiva munhu, asi Aiva Mwari.

²¹⁸ Munoono, haAna kunzwisiswa. Akati, “Nhai, Waka—Wakazvarwa uri mwana weupombwe. Iwe wakaberekwa kunze kwemuchato mutsvene, uye Unoedza kutidzidzisa isu here? Manje, tinoziva kuti Unopenga uye une dhimoni. Uri muSamaria, wakambenge uri ikoko uye ukawana madhimoni iwayo paUri. Uri kuedza kutidzidzisa, isu vanarabhi vatsvене?”

Akati, “Muri vababa venyu, dhiyabhore.”

219 Hongu, havana kuMunzwisisa, vaisaziva kuti Aive Ani. Ndiro dambudziko nhasi, vanhu vari kuedza kuMuita chimwe chinhu chaAsiri. Haangori munhu bedzi, iYe ndiMwari vari muMunhu! Kwete munhu wechitatu, ndiYe Munhu wega. Hongu, changamire. Saka, chokwadi, havana kuMunzwisisa.

220 MuFarise, muFarise uya akaMukoka zasi ikoko panguva iya yekusvuvura, mabiko makuru, haana kuMunzwisisa. Akafunga kuti aizongovawo naYe zasi ikoko. Ndakaparidza pamharidzo iyoyo nguva shoma yapfuura pakudya kwemangwanani, ndinotenda, kuChicago, pakudya kuya kwemangwanani. MuFarise iyeeye akati, “Zvino, Mutarisei agere kumashure uko, agere kumashure uko, tsoka dzisina kugezwa nezvose. Mudzimai mudiki uya akauya ndokuMugeza nemisodzi, ndokupukuta nebvudzi remumusoro wake.” Akati, “Dai Aive muporofita Aiziva kuti imhandoi yemudzimai ari ipapo achishambidza tsoka dzaKe. Zvinoratidza kuti haAsi muporofita!”

221 Jesu akasimuka, ndokuti, “Simoni, Ndine chimwe chinhu chekutura kwauri!” Ameni, haana kungonzwisisa, ndizvo zvoga. Akati, “Ini... WaNdikoka kuti ndiuye, uye Ndasiya basa raNgu rakawanda kuti ndiuye kukokero yako. Uye apo... Hauna kumbosangana neNi pamukova. Hauna kutomboshambidza tsoka dzaNgu. Hauna kumbozodza musoro waNgu. Hauna kumboNdichingamidza nekunditsvoda. WangoNdirega ndichipinda, ndakasviba uye ndichinhuhwa uye ndizere nedikita, uye ukaNdigadzika neche pano mukona kuti uite dambe neNi. Asi mukadzi uyu, mukadzi *uyu*, aramba achitsvoda tsoka dzaNgu, uye adzisuka nemisodzi yokutendeuka,” (Imvura yakanaka sei!) “ndokudzipukuta nevhudzi remumusoro wake. Ndine chimwe chandinopesana newe, Simoni. Zvirokwazvo ndinoti kwauri, zvivi zvake zvinova zvizhinji azvikanganwirwa zvose.” Simoni haana kunzwisisa; mudzimai akanzwisisa. Simoni akati, “Anongova munhu”; mudzimai akati, “NdiMwari, Muponesi wangu!” HaAna kunzwisiswa. Achiri kusanzwisiswa.

222 Vadzidzi paKarivhari, havana kunzwisisa, pavakaMuramba vose vakaenda. Ko vaigoona sei Munhu, Munhu wavakanga vaziva achiita zvishamiso nokumutsa vakafa, asi oZvikumikidza kurufu, ofamba achipfuura neimomo, achirohwa, uye achichema, mate achiyerera kubva pachiso chaKe, uye ropa rakasangana nawo apo pavakanga vadzura zvanza zvavo zvizere zvendeavu, vadzidzura kubva pachiso chaKe; ndokumonyorora musana waKe kusvikira mapfupa aKe ave kupenya nekunze, uye vachiMukava, nokungoMurova; zvino masoja aituka, akadhakwa, vachiMurova mumugwagwa chaimo. Uye omira ovehenga vachiita izvozo? Havana kunzwisisa, saka vakamirira nechekure. Ndizvozo chaizvo.

223 Dhiyabhore haana kuMunzwisisa. Dhiyabhore akati, “Zvirokwazvo uyo haangavi Mwanakomana waMwari angamira

ipapo uye achibatwa zvisina kunaka saizvozvo, uye navo vachituka, uye vadzidzi vangu zasi uko vachingoMubata nechero nzira ipi zvayo, uye naiYe achizvigamuchira. Haasi Mwanakomana waMwari.”

²²⁴ Uyewo vaFarise, vaprisita, havana kuMunzwisisa, vakati, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, Zviburutse kubva ipapo.”

²²⁵ Mbavha yaive iri kuruboshwe rwaKe haina kuMunzwisisa, yakati, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, tibvise pamuchinjikwa, Zviponese pamwe nesuwo.”

²²⁶ Asi mbavha yaiva iri kurudyi yakaMunzwisisa, yakati, “Tine, takaita zvakaipa uye tinokodzera zvatiri kuwana, asi Murume uyu hapana chaakaita.” “Ishe, ndirangarireiwo paMunouya muHumambo hweNyu!”

²²⁷ Tarisai Inzwi riya richidzoka, “Nhasi uchava neNi muParadhiso.” Akanzwisisa kuti vaiva Mwari vaifira zvivi zvedu. Nzira yoga yaAigona kufa nayo, aizouraiwa ari munyama. Haakwanisi kuuraiwa muMweya, nokuti ndiYe Mweya weZiyendanakuenda. Zvino Aifanira kunge ari munyama kuti auraiwe, saka havana kungonzwisisa. Akazvinzwisisa.

²²⁸ Rimwe zuva, mazuva angangoita gumi mushure maizvozvo, kana mazuva angaite makumi mana mushure maizvozvo, aiva mazuva makumi mashanu, vadzidzi vakakwira mukamuri yepamusoro, uye vakagara kumusoro ikoko kwemazuva gumi nehusiku kusvikira zuva rechimakumi mashanu rasvika. Zvino, kamwe-kamwe, kwakauya ruzha rwuchibva Kudenga semhepo inovhuvhuta nesimba. Nokuti Jesu akanga ayaudza kuti, “Tarirai, Ndinotumira vimbiso yaBaba vaNgu pamusoro penyu, asi mirirai muguta reJerusarema kusvikira mapihwa Simba rinobva kuMusoro.” Vaiziva kuti Raizouya. Vaiziva kuti ndizvo, zvaifanira kuitika. “Endai kumusoro ikoko uye momirira kusvikira NdaRitumira.” Vakamirira kumusoro ikoko. Vakareurura, vakaburitsa zvinhu zvese mundangariro nemoyo yavo. Vakanga vakamirira, vose vari muhumbwe, panzvimbo imwe, vakamirira Chipikirwa; vachifamba vachikwidza nekudzika, varume nevakadzi, kumusoro ikoko vachifambafamba pamwe chete mukamuri iyi yepamusoro, mikova yose yakaiswa zvihuri kuti maJudha asagona kupindamo uye—uye ovakuvadza.

²²⁹ Kamwe-kamwe, vakanga vari kumusoro ikoko vachifambafamba, zvino kwakauya ruzha rwuchibva Kudenga semhepo inovhuvhuta nesimba, ndokutenderera-tenderera imomo, uye mirazvo yeMoto yakatanga kugara pamusoro pavo. Mikova yakati bhene’ene kuzaruka, mahwindo akazaruka, havo ndokuenda kunze munzira.

²³⁰ Uye havana kunzwisiswa, zvekuti vakatoti, “Varume ava havana kuguta newaini itsva here? Vanhu ava vakadhakwa

nekuti tinovanzwa vachiwawata zvimwe zvinhu zvatisingazive izvo zvavari kutaura nezvazvo.” Pakarepo, vakati, “Ko isu zvatiri kunzwa munhu wese nerurimi rwekwedu, vose ava havasi vaGarirea here?” Havana kunzwisisa kuti iyi yaive vimbiso yaBaba.

²³¹ Zvino Mwari vaive nemuporofita ipapo aigona kusimuka achitaura: Petro akati, “Imi varume vemuJerusarema nemi munogara muJudheya, musatadze kunzwisisa izvi. Izvi ndizvo zviya zvakataurwa nomuporofita Joere achiti, ‘Zvichaitika mumazuva ekupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose. Uye napamusoro pavashandikadzi vaNgu nemurandakadzi Ndichadurura Mweya waNgu, uye ivo vachaporofita. Uye Ndicharatidza zvishamiso mumatenga kumusoro uye nezasi munyika, uye nemoto, nemhute, neshongwe dzoutsu. Zvichaitika kuti, zuva guru uye rinotyisa raJehovha risati rauya, kuti ani naani anodana paZita raJehovha achaponeswa.”

²³² Raiva basa raMwari! Waiva Mweya Mutsvene, asi havana kuUnzwisisa. Haana kunzwisiswa.

²³³ Vagara vasinganzwisise. Israeri haina kuVanzwisisa. Vanhu vemunguva yaNoa havana kuVanzwisisa. Vanhu munguva yaDhanieri havana kuVanzwisisa. Vanhu vemunguva yaJohane havana kuVanzwisisa. Vanhu mu—munguva yemuporofita havana kuVanzwisisa. Vanhu munguva yePentekosti havana kuVanzwisisa.

²³⁴ Vanhu vemuzera rino havaVanzwisise, zvichiri zvimwe chete. HavaZvibate, nokuti haVanzwisise. Zvokuti, vari kuedza kuenzanisa zvepanyama nezvepamweya.

²³⁵ Apo vanhu imomo, mushure chaimo mezuva rePentekosti, apo vose pavakazadzwa neMweya Mutsvene, vakaita musangano mukuru uyu kumusoro ikoko, vakadaidza mumwe murume zasi ikoko, akanga akaremara kubva mudumbu raamai vake, vaviri vavo vaifamba nemugwagwa zvino mupemhi uyu akazunza gaba ndokukumbira mari. Uye akati, “Sirivheri negoridhe handina, asi icho chandinacho ndichakupa.” Akati, “MuZita raJesu Kristu weNazareta, simuka ufambe!” Zvino akabata ruoko rwemurume akamusimudza, zvino pakarepo tsoka nemapfupa ezvizo zvetsoka dzake zvakagamuchira simba. Akatanga kufamba, nokuchirika, nokumhanya, nokusvetuka, uye nokurumbidza Mwari, ndokupinda mutemberi. Zvino vanhu vose vakatanga kuuya pamwe chete, vachidanidzira nokuenderera. Handiti, zvakanga zvisina kujairika.

²³⁶ Zvino vakavaisa mutirongo, vakavavhundutsira kuti “Havafaniri kuparidzazve nemuZita raJesu.”

²³⁷ Petro ndokuti, “Ndiani watinofanira kuteerera, Mwari kana munhu?”

238 Zvino vakavasunungura, vachifunga kuti zvavainge vavarova zvishoma uye vakavatyisidzira (kuti vaizovasungirira nguva inotevera, kana kuvapisa, kana kuvaisa pamuchinjikwa, kana chimwe chinhu), vaizozvirega. Asi chinhu chakatevera chavakawana, vakanga vari kunze mumugwagwa vachizviita zvakare. Sei? Havana kunzwisisa. Vakanga vasiri vanhu ivavo; vakanga vari Mwari muvanhu ivavo, vachiita zvinhu izvozvo.

239 Pavakabata Stefano mudiki paDare reSanhedrini, mangwanani aya, vakati, “Tichamuendesa pamberi pedare rino. Apo vose vaya vanarabhi nemaJudha nevaprisita vakuru nemadzibaba vatsvene, nevose havo vakaungana kunze ikoko, vanachiremba vedzidzo yekunamata ava, zvichamuvhundutsa chaizvo.” Saka vakamuunza ari mucheni idzodzi, ndokumumisa kunze uko, muchinda mudiki segwayana pakati peboka remhumhi dzinoparadza. Vakati, “Chimuonai achizvideredza zvino, achiti, ‘Ndichadzora mashoko ese, hama, chiregai zvenyu mose kundinetsa.’”

240 Akati, “Imi vane mitsipa mikukutu uye musina kudzingiswa pamoyo nenzeve! Sei muchidzivisa Mweya Mutsvene? Sezvakaita madzibaba enyu, nemiwo munoitawo!” Amenii!

241 Vakaona kuti akanga asiri iye! Nokuti vakanonga mabwe, ndokuisa maoko avo munzeve dzavo, ndokutanga kumugedagedera meno, nokumutaka nemabwe kusvikira afa. Zvino akati asimudza musoro wake akatarira kudenga, mazitombo achimutema kubva kune rumwe rutivi rwemusoro nekune rumwe rutivi, akati, “Ndinoona matenga achizaruka, uye naJesu akamira kuruoko rworudyi rwaMwari.” Amenii! Zvino akavata ari mumaoko aIshe Jesu. Paakafa, akati, “Baba, musavapa mhosva yechivi ichi.”

242 Munooona, havana kunzwisisa zvavakaita. Pauro, akamira ipapo akazvitarisa, gare-gare zvakazomushungurudza, zvino akati, “Ndiri mudukusa pakati pavo vose, nokuti ndakapupurira rufu rwaStefano, mutsvene weNyu.” Amenii. Ndzivo.

243 Munooona, vanhu havanzwisise shungu idzi. Vanhu havanzwisise nhasi. Havanzwisisi simba reMweya Mutsvene. Vanoridaidza kuti boka revaumburuki vatsvene. Vanoridaidza kuti boka revanhu vasina pfungwa dzavo dzakakwana. Havanzwisise, kuti iwe unofanirwa kurasikirwa nedzako... dzaunodaidza kuti “pfungwa dzako dzakakwana,” kuitira kuti uzive Kristu, nokuti une pfungwa yaKristu zvino. Haugone kuve nepfungwa yenyika nepfungwa yaKristu panguva imwe chete, imwe ndeyenyama uye imwe ndeyemweya. “Uyo anofamba nenyama ndewenyama, uyo anofamba neMweya ndewemweya.” Amenii. Saka ndicharasikirwa nezvandiri ndozviwana, Ishe, maMuri. Hongu, changamire. Saka Mwari havanzwisise. Hausi iwe usinganzwisise, Mweya Mutsvene ndiwo uri kukuita kuti uite izvozvo zvavasinganzwisise. Amenii. Havasi kutaura

vachipesana newe, vari kutaura vachipesana naWo. Vanhu havanzwisiswe.

²⁴⁴ Havo vachienda, varege vachienda, asi vanodzokera munzira chaimo votanga zvakare. Zvimwe chetezvo nhasi. Havanzwisise vanhu. Havazivi kuti iWo chii.

²⁴⁵ Nhasi handisi kunzwisiswa mushumiro yangu, kuti Vakandituma kuvanhu. Havazvinzwisise. Mumwe nemumwe wavo akati, “Tinotenda Hama Branham...” Ndataura nemuparidzi nguva yapfuura, akati, “Hama Branham, tose tinoziva kuti makatumwa kuChechi, asi, pfungwa yacho ndeyokuti, ko munouya sei muchibhabhatidza nemuZita raJesu?” Havanzwisisi Magwaro. HavaRinzwisise. Ndizvo zvaVakanditumira, ndicho chinangwa changu chekuve pano. “Sei muchidzidzisa mbeu yenyoka, nezvimwe zvakadaro zvinopesana nezvatinodzidzisa?” Manje, hama, ndosaka ndiri pano. Vanongotadza kuzvinzwisisa. Amen. Asi Mwari vari kundipupurira neShoko raVo nezviratidzo zveMweya Mutsvene mune...?..Zvisinei nekuti vanodii...-pasi-... kusaRinzwisisa, Mwari vari kusimbisa Shoko! Amen.

²⁴⁶ Mwari vanogara vasinganzwisiswe. Uye avo vanogara naMwari havanzwisiswi pamwe naMwari, nokuti ndiMwari vari kushanda mavari. Amen. MunoZvitenda here?

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akatanga kundida

UnoMuda here? Simudza maoko ako utaure rumbidzo.

...kutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁴⁷ Unofara here kuti haunzwisise? Taimboimba karwiyo kadiki, tichiti, “Zvino, ndakaiswa mucherechedzo, ndakaiswa mucherechedzo, ndakaiswa mucherechedzo, ndakaiswa mucherechedzo neMweya waMwari.” Ndizvozvo. Vanhu vaimbondida, vanondifuratira zvino nokuti ndakaiswa mucherechedzo, ndakaiswa mucherechedzo neMweya. Amen. Ndakarasa pfungwa yangu kuzvinhu zvenyika, kuti ndigamuchire pfungwa yaKristu; naizvozvo, kana ndine pfungwa yaKristu, pfungwa yangu inotsvaga zvinhu izvozvo zviri kumusoro. Ndinoda kuti mumwe munhu andiratidze rumwe rubhabhatidzo rwakasiyana rwechokwadi kunze kweZita raJesu Kristu. Ndinoda kuti mumwe munhu andiratidze Gwaro rinoti nyoka yakanga isina mbeu. Ndinoda kuti mumwe munhu andiratidze Gwaro rinoti kuna vanaMwari vatatu.

²⁴⁸ Vanobva vati, “Saka, sei zvakadaro?”

²⁴⁹ Mwari vakatumira Mharidzo yaVo uye vanopupura nezvaYo. Vanosimbisa Shoko nezviratidzo zvichitevera. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Havagoni kuramba izvozvo,

ichokwadi. Asi vakaita sei? HavaInzwisisi nokuti handina kuuya muzita reAssemblies of God, reOneness, kana reTwoness, kana reThreeness, kana reChurch of God, kana reBaptisti, Methodist, Presbyteriani, Lutherani. Handina kuuya nemune rimwe remazita iwaya, ndinouya nemuZita raJesu Kristu. Uye Mwari, netsitsi dzaVo, vanosimbisa Mharidzo nesimba rekumuka kwaJesu Kristu. Saka Uchiri Mweya waMwari uyo vanhu vasinganzwisise. Ndizvozvo, kusanzwisiswa.

²⁵⁰ Chokwadi, haunzwisiswe, vose vanorarama humwari muna Kristu Jesu havanzwisiswi. Nzira yose kubva kuna Noa akarurama, nzira yose zvichidzika kusvikira kumutsvene wezuva rino nhasi, haanzwisiswe. Zvagara zvakadaro, vanhu havaZvinzwisiswe.

²⁵¹ Israeri haina kuzvinzwisisa. Havanzwisisi; havatongokwanisi nokuti ndevenyama mumweya, uye vasiri . . . Haigoni kushandura nzira pamwe nechewe, nekuti haUvhenganiswe.

²⁵² Asi ndinofara kuti tinorarama muHumambo husina kugadzirwa nemaoko omunhu. Ndinofara kuti tiri kuenda kuHumambo uhwo munhu akanga asina chokuita nahwo. Ndinofara kuti Humambo hwedu huri kumusoro. Uye kana Humambo hwedu huri kumusoro, takazvarwa kubva kumusoro, saka tinotsvaka zvinhu izvozvo zviri kumusoro, uko Kristu agere kuruoko rwerudyi rwaMwari, oo, uko kwaAsinganyare nesu. Ndi hwo huchapupu hwedu. . . Hatinyari naYe panyika pano, nokuti tiri vafambi nevatorwa. Hatisi venyika ino, takazvarwa neMweya waMwari. Takagara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, takasukwa muRopa raKe, takaberekwa neMweya waKe, takazadzwa nenyasha dzaKe.

²⁵³ Ndizvozvo, kusanzwisiswa. Asi, chii chatinoitira hanya, tinoMuda. HamuMude here? Zvakanaka, Teddy, tipe kodhi yerwiyo rwunoti *NdinoMuda*, uye ngatirwimbei nepamusoro pemaenzi edu.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁵⁴ HaAshamisi here? HamuMude here? Hamufari here kuti makasiyana? Huprisita wehumambo, vanhu vakasarudzwa, vanhu vakasiyana, vanopira zvibayiro zvemweya, zvibereko zveziromu yenyu, vachipa rumbidzo kwaAri.

²⁵⁵ Ndichakuimbirai rwiyo zvino, ndinonzwa kuda kuimba.

Ndinowana vanhu vazhinji vasingagone
kuzwisisa
Kuti sei ndichifara kwazvo uye
ndakasununguka;

Ndakazadzwa neMweya, hapana kupokana,
Uye ndiro dambudziko neni.

Oo, ndiro dambudziko neni,
Oo, ndiro dambudziko neni;
Ndakazadzwa neMweya, hapana kupokana,
Uye ndiro dambudziko neni.

²⁵⁶ Munozvifarira here? Tose ngatirwuimbei zvino.

Tinowana vanhu vakawanda vasingagoni
kunzwisisa

Kuti sei tichifara kwazvo uye takasununguka;
Takazadzwa neMweya, hapana kupokana,
Uye ndiro dambudziko neni.

Oo, ndiro dambudziko neni, (Mwari
ngavarumbidzwe!)

Oo, ndiro dambudziko neni;
Ndakazadzwa neMweya, hapana kupokana,
Uye ndiro dambudziko neni.

Oo, kana ndichinge ndafara, ndinoimba
pamwe nokudanidzira,

Vamwe havazvinzwisise, ndinoona;

Asi ndakayambuka Jorodhani kuenda kunyika
yakanaka yeKenani,

Uye ndiro dambudziko neni.

Oo, ndiro dambudziko neni, (Mwari
ngavarumbidzwe!)

Oo, ndiro dambudziko neni;
Ndakayambuka Jorodhani kuenda kunyika
yakanaka yeKenani,
Uye ndiro dambudziko neni.

²⁵⁷ Oo, ndinozvida izvozvo. Iwe haudaro here? Ndakayambuka Jorodhani kuenda kunyika yakanaka yeKenani, ndakaoneka nyika, ndikasimudzwa pamusoro pezvinhu zvenyika, zvino ndiri kurarama muhupo huno hweKudenga. Chokwadi ndinoita zvinosetsa kumagora ari zasi uko, hongu, chokwadi, ndiri kubhururuka napamusoro pazvo. Ndizvozvo chaizvo. Tine hanya nei? Tiri kugara munyika yeKenani. Amen! Hongu, changamire. Tiri kudya Mazambiringa matsva, tichingova nenguva inoshamisa; tizere nokubwinya, tizere nesimba, tizere neMweya Mutsvene. Hongu, changamire.

²⁵⁸ Zvakanzi nezvaStefano, “Aiva murume, azere.” Azere nei? Azere nei? Akanga azere neMweya Mutsvene, akanga azere nesimba, akanga azere nohuchenjeri, akanga azere nesimba. Zvose zvakagadzira chii? Akanga azere neMweya Mutsvene! Ndimu munogara zvinhu zvose izvi. Ndizvo zviru chechi yaMwari mupenyu. Haufari here nokuda kwazvo, Mukristu? Ita nemufaro. Kana ukasanzwisiswa, “Vose vanorarama humwari

muna Kristu Jesu havazonzwiswi.” Vagara vari, zvichidzika nemuBhaibheri.

²⁵⁹ Zvino, chii chandiri kuedza kutaura? Kunemi vanhu vanotaura nendimi, kunemi munodanidzira, vanotamba muMweya, vanhu vanoti, “Oo, hazvina maturo,” ingorangarirai kuti ndanyatsodzokera shure ndikakuratidzai. Zvichidzika chaimo nemuMagwaro, havanzwiswiwe nguva dzose. Rangarira, uri muMagwaro, uye uri kuita izvo zvakarurama. Gara chaizvo nazvo, Mwari vanewe. Ingogara chaimo muGwaro, Mwari vachazvigadzirisa zvimwe zvose. Amenii.

²⁶⁰ NdinoMuda. Ngatiimbei rwiyo rwangu rwakanaka, rwekare rwerubhabhatidzo, rwuya rwatakanga tichiimba pekutanga apo Mutumwa waJehovha paya paakazviratidza pamberi pemunhu, muhupo hwake. Ndakanga ndamboMuona kumashure, pachangu, asi kekutanga kaAkambodzika pasi. Uye paAkadzika, iYe—iYe akati, “SaJohane akatumwa kuzofanotungamira kuuya kwekutanga kwaKristu, Mharidzo yako ichafanotungamira Kuuya kweChipiri kwaKristu.” Mazana nemazana nemazana evanhu vakamira pamahombekombe zasi uko paAkauya muna Chikumi, 1933, parwizi. Uye takanga takamira pamahombekombe, tichiimba.

Pamahombekombe eJorodhani ane mafashama ndakamira,

Uye ndichikanda ziso rine kushuvira,
Kunyika yeKenani yakanaka uye ine mufaro,
Uko kune nhaka yangu.

Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa,
Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa;
Oo, ndiani achauya uye oenda neni?
Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa.

Oo, ndiri kuenda kunyika yechipikirwa,
Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa;
Oo, ndiani achauya uye oenda neni?
Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa.

Ndichasvika riinhi kunzvimbo iyi ine hutano,
Zvino ndove ndakaropafadzwa nokusingaperi!
Ko ndichaona riinhi chiso chaBaba vangu,
Zvino pachipfuva chaVo ndozorora?

Oo, ndiri kuenda kunyika yechipikirwa,
Oo, ndiri kuenda kunyika yechipikirwa;
Oo, ndiani achauya oenda neni?
Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa.

Kwese hako kumapani iwayo akatambanuka
Kunopenya zuva rimwe risingaperi;
Ikoko Mwari Mwanakomana vanotonga
nokusingaperi,
Uye vodzingira husiku kure.

Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa,
 Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa;
 Oo, ndiani achauya uye oenda neni?
 Ndiri kuenda kune yechipikirwa. . .

261 Ngatingorwuimbei zvakare, uye wokwazisana maoko nemumwe munhu ari pedyo newe.

Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa,
 Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa;
 Oo, ndiani achauya uye oenda neni?
 Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa.

262 Zvino, pasina kana mumvuri wekupokana, mumwe nemumwe wenyu akagamuchira Kristu, uye achiziva kuti wakazvarwa patsva neMweya, ngatisimudzei maoko edu zvino tiimbe.

Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa,
 Manje, ndiri kuenda kunyika yechipikirwa;
 Oo, ndiani achauya uye oenda neni?
 Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa.

263 Ndave nenguva refu ndisina kuona izvi. Madzimai, endai muchikwama chenyu uye mutore hengechepfu. Varume, pinzai muhomwe yenyu yepahudyu mubuditse hengechepfu yenyu. Zvino tichava nechipo chokuvheyesa kunaShe. Zvakanaka, isu tese pamwe cheche, tichavheyesa setiri kupinda muKenani zvino, vheyesa hengechepfu yako. Zvakanaka, zvino.

Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa,
 Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa;
 Oo, ndiani achauya uye oenda neni?
 Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa.

264 Zvino, kana paine mumwe munhu pano asati asimbisa kusanangurwa nekudanwa kwavo, angada kuuya tichirwuimba zvakare, ungada kuburitsa hengechepfu yako wowheyesa pamwe nesu zvakare. Suwo ravhurika zvino, matikiti ndeemahara. Haungauyewo here? Pinda muchikepe chekare cheZioni, chiri kuenda, chichibuda. Handeyi.

Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa,
 (Hazvizotora nguva refu.)
 Oo, ndiri kuenda kunyika yechipikirwa;
 Oo, ndiani achauya uye oenda neni?
 Ndiri kuenda kunyika yechipikirwa.

265 Tichikotamisa misoro yedu:

Kuva saJesu, kungova saJesu,
 Panyika ndinoshuva kuva saYe;
 Nemurwendo rrose rwehupenyu kubva
 panyika kuenda muKubwinya
 Ndinongokumbira kuva saYe.

Kubva muchidziro cheBheterehema makabuda
 Mutorwa,
 Panyika ndinoshuva kuva saYe;
 Nemurwendo rwose rwehupenyu kubva
 panyika kuenda muKubwinya
 Ndinongokumbira kuva saYe.

²⁶⁶ Musakanganwa Svondo. Musakanganwe Chitatu manheru
 ndiwo musangano wemunamato. Rangarirai, namatai
 zvakananyanya, ndinamatireiwo, namatirai mufundisi wenyu,
 namatira muvakidzani wako, madhikoni enyu, matirastii enyu,
 namatai kuti Mwari vave nenzira yaVo nesu tose.


Kuva saJesu, kuva saJesu,
 Panyika ndinoshuva (Ndicho chishuvo
 chemoyo wangu.) kuva saYe;
 (Kusanzwisiswa.)

Rangarirai, Mwari...?...Hachisi chishuvo chako here?
 Pafunge ipapo.

...kubva panyika kuenda muKubwinya
 Ndinongokumbira kuva saYe.

[Hama Branham vanoimba mahon'era *Kuva saYe*—
 Mupepeti]

...ndakaninipa uye ndakazvideredza,
 Panyika ndinoshuva kungova saYe;
 Nemurwendo rweke rwehupenyu kubva
 panyika kuenda muKubwinya
 Ndinongokumbira kuva saYe.

²⁶⁷ Misoro yenyu yakakotamiswa zvino, uye meso enyu
 akavharwa, nemwoyo yedu yakanangiswa pana Mwari.
 Tichadana shamwari yangu yakakosha, yakanaka, Hama Roy
 Borders, vanobva kuCalifornia, kana vasiri kuzo...kuisa
 ropafadzo pamusangano uno. Hama Borders. 

MWARI VASIRI KUNZWISISWA SHO61-0723E
(God Being Misunderstood)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAZVIBATIRO, HURONGWA NE DZIDZISO ZVEKEREKE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Chikunguru 23, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org